Нобэ Урысейм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№71 (24.821) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 12, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысейм и махуэм и щІыхькІэ цІыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэу пщІэ зыхуэсщІхэ, си хэкуэгъу лъапІэхэ!

Урысейм и махуэмкІэ сынывохъуэхъу!

А махуэшхуэр и дамыгъэщ ди Хэкум и илъэс мин гъуэгуанэм, къегъэлъагъуэ зэман зэхуэмыдэхэм я зэпыщІэныгъэр, цІыхубэ зэхэтыкІэм и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэр, зэкъуэтыныгъэр, Хэкум худиІэ лъагъуныгъэр икІи ди нобэмрэ къэкІуэнумкІэ тхэлъ жэуаплыныгъэр.

И тхыдэм къриубыдэу Урысейр пхыкІын хуей хъуащ гугъуехь мымащІэм, ауэ ди цІыхубэм сыт хуэдэ лъэпощхьэпори къызэринэкІыфащ, текІуащ икІи къэрал лъэщ иухуащ. Дэ ди къалэныр дяпэ итахэр зытета хабзэфІхэм дахуэпэжынырщ, къэралым нэхъри зиужьыным дыхуэлэжьэнырщ, ди Хэкум и къарумрэ лъэщагъымрэ хэгъэхъуэным хуэтщІ хэлъхьэныгъэр дгъэбэгъуэнырщ.

Мы зэман мытыншым дэ псори дызэкъуегъэувэ тхэлъ хэкупсагъэм, ди Хэкум папщІэ тхьы жэуаплыныгъэр зэрызыхэтщІэм. Ди къэрал псом, лъэпкъ куэду зэхэт цІыхубэм дыдоІыгъ дзэ Іуэху хэхам къулыкъу щызыщІэхэр, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэри яхэту. Дрогушхуэ ди лІыхъужьхэм къагъэлъагъуэ хахуагъэм, дадоІэпыкъу, адэкІи защІэдгъэкъуэнущ пэжым, захуагъэм щІэбэнхэм.

Хэкур хъумэнми мамыр псэукІэми дызэрыщызэкъуэтыр ди тегъэщІапІэу зэманым къигъэув сыт хуэдэ гугъуехьхэми дазэрыпэлъэщынум, Урысейр ефІэкІуэн, нэхъри лъэщ хъун папщІэ зыхуэдгъэува къалэнхэр зэрызэдгъэхъулІэфынум шэч къытесхьэркъым.

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиІэну, зэІузэпэщу фыпсэуну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іап Іэм къызэритамкІэ



# Бгылъэ гъунапкъэхэр яхъумэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терскол щригъэблэгъащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ, Урысейм и ЛІыхъужь Евкуров Юнус-Бэч Бэмэтджэрий и къуэр. Къуршым щытыкІэ гугъу щихуахэр къегъэлынымрэ а Іуэхум ІэщІагъэлІхэр хуэгъэхьэзырынымкІэ, гъунапкъэр хъумэнымкІэ «Терскол» центрыр илъэс 90 зэрырикъуар абдежым щагъэлъэпІащ.**

Зи гугъу тщІы центрыр 1935 гъэм къызэІуахауэ щытащ, Дзэ альпинизмэм щыхуагъэхьэзыр еджапІэр къыщызэрагъэпэщам щыгъуэ. Ар къэзыухахэм къалэнышхуэ ягъэзэщІащ совет сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ бгыщхьэм щызэуэфу ягъэсэн папщІэ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм абыхэм хахуэу Кавказым и къурш щхьэдэхыпІэхэмрэ Іуащхьэмахуэ лъапэрэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм щахъу-мащ.

Зауэ нэужьым еджапІэр Совет Армэм и зауэлІхэм папщІэ турист хэщІапІэ ящІауэ щытащ, 2013 гъэм щегъэжьауэ ІуэхущІапІэр Бгым зыщыхъумэжынымрэ зыкъыщегъэлынымкІэ центр ящІащ, дзэм хэтхэр бгылъэ щІыпІэхэм щызэуэфу щагъэсэу. Илъэс блэкІахэм къриубыдэу, абы щрагъэджащ дзэм и лэжьакІуэ мин 27-рэ, УФ-м и Дзэм и чемпионат зэпеуэ 50-м нэс щрагъэкІуэкІащ, абыхэм ящыщу 12-м хамэ къэралхэр къыхыхьэу.

Иджыблагъэ екІуэкІа къудейщ «Эльбрусиада-2025» зыфІаща, УФ-м и Дзэм и кубокым и щІыхькІэ зэхаша зэхьэзэхуэр икІи гуп нэхъ лъэщхэм тыгъэхэр иратащ.

КъинэмыщІауэ, «Терскол» центрым къыщызэІуахащ альпинист цІэрыІуэ, спортым и дунейпсо мастер, щэнейрэ Эверестым дэкІуея, бгым щылэжьэну инструктор куэд зыгъэса Душарин Иван Трофим и къуэм хуагъэува фэеплъыр.

«Терскол» центрым илъэс 90-кІэ къикІуа гъуэгуанэр Хэкур фІыуэ лъагъуным, абы папщІэ лІыгъэ зехьэным хуэунэтІауэ зызыужьа дзэ альпинизмэм и дамыгъэщ, - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и напэкІуэцІым. - Ноби, илъэсипщІ зыбжанэ ипэкІэ зэрыщытам хуэдэу, абы егъэхьэзыр къэралым и бгылъэ гъунапкъэхэр зыхъумэфыну ІэщІагъэлІхэр. Мы махуэшхуэр илъэс бжыгъэ къудейкъым, атІэ бгылъэ щІыпІэхэр хъумэным хуэІэзэ хъуа дзэ ІэщІагъэлІхэм я блэкІа лъагэр гум къизынэ Іуэхугъуэщ. Иджыри зэ «Терскол» центрым и ветеранхэмрэ и лэжьакІуэхэмрэ сынывохъуэхъу, дяпэкІи Хэкур хъумэнымкІэ ехъулІэныгъэ фиІэу фыбгъэдэтыну си гуапэщ!»

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕхъулІэныгъэшхуэхэр зэраІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІэщын

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист»</u>***

**ДыщэкІ Артур Замир и къуэм** - «ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэм я ассоциацэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм хэтым,

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»</u>***

**Тхьэмадокъуэ Людмилэ Амил и пхъум** - Бахъсэн къалэ округымрэ Бахъсэн муниципальнэ районымрэ я «Район сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и дохутыр-инфекционистым,

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист»</u>***

**Османов Хьиса Лейлун и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и «Заман» газетым и редакторым,

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»</u>***

**Гордиенкэ Сергей Борис и къуэм** - «Ленинцы» мэкъумэш хозяйствэ производственнэ кооперативым и трактор-полеводческэ бригадэ №3-м и бригадирым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м*
*№55-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕхъулІэныгъэшхуэхэр зэраІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІэщын

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»</u>***

**Джэданэ Залым Щэлэуат и къуэм** - «Локомотив-Грин Хилл» дзюдомкІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тренер нэхъыщхьэм,

***<u>«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист»</u>***

**Бэждыгъу Темыркъан Артагъ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къэрал программэхэмрэ къэрал-щхьэзакъуэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м*
*№57-УГ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр Тет Хь. М. фІэщыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам, и ІэщІагъэм зэрыхуэІэзэм икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІэщын **Тет Хьэсэнбий Мухьэмэд и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и дохутыр нэхъыщхьэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м*
*№58-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и ЩІыхь тхылъыр Ахъей М. С. етыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Дзэ Іуэху хэхар щрагъэкІуэкІым лІыгъэрэ хахуагъэрэ къызэригъэлъэгъуам, дзэ къулыкъур щапхъэ игъэлъагъуэу зэригъэзащІэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Ахъей Мухьэмэд Станислав и къуэм** - Ипщэ дзэ округым хыхьэ 58-нэ гвардейскэ общевойсковой армэм и 42-нэ мотострелковэ дивизэм и 70-нэ мотострелковэ полкым и фочгъауэ (снайпер) ротэм и командирым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м*
*№64-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и ЩІыхь тхылъыр Созаев И. И. етыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Дзэ Іуэху хэхар щрагъэкІуэкІым лІыгъэрэ хахуагъэрэ къызэригъэлъэгъуам, дзэ къулыкъур щапхъэ игъэлъагъуэу зэригъэзащІэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Созаев Илияс Исмэхьил и къуэм** - Ипщэ дзэ округым хыхьэ 58-нэ гвардейскэ общевойсковой армэм и 19-нэ мотострелковэ дивизэм и 481-нэ мотострелковэ полкым и командирым дзэ-политикэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м*
*№65-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и ЩІыхь тхылъыр Хьэпэхъу Р. Хь. етыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Дзэ Іуэху хэхар щрагъэкІуэкІым лІыгъэрэ хахуагъэрэ къызэригъэлъэгъуам, дзэ къулыкъур щапхъэ игъэлъагъуэу зэригъэзащІэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Хьэпэхъу Рустам Хьэсэнбий и къуэм** - Ипщэ дзэ округым хыхьэ 58-нэ гвардейскэ общевойсковой армэм и 42-нэ мотострелковэ дивизэм и 291-нэ мотострелковэ полкым и дзэ полицэ батальоным и ротэм и командирым дзэ-политикэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м*
*№66-УГ*

# Укъыщалъхуа, ущапІа лъахэм пэпщІын щыІэкъым

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм дыгъуасэ Іуэхугъуэ щхьэпэ щекІуэкІащ. Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт курыт школхэм зи ныбжьыр илъэс 14 хъуауэ щІэс ныбжьыщІэхэм ящыщу нэхъыфІу еджэхэм Урысей Федерацэм и паспорт иратащ.**

ГУ ЛЪЫТАПХЪЭЩ республикэм и Жылагъуэ палатэм къэралым и махуэшхуэхэм ирырагъэхьэлІэу мыбы хуэдэ гуфІэгъуэ зэхыхьэхэр щІэх-щІэхыурэ зэрыщрагъэкІуэкІыр. Иджырейм и Іуэху зытетри арат.

ТІэкІу дызэІэбэкІыжынщи, Урысейм и махуэ зыфІащам и къежьэкІэ хъуам кІэщІу дытепсэлъыхьынщ. И къэунэхукІэ хъуари, тхыдэм къызэрыхэщымкІэ, гъэщІэгъуэнщ. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм, зэрытщІэщи, Совет Союзу щытам хыхьэ республикэхэр, зым иужь адрейр иту, къэрал абрагъуэм хэмытыжу щхьэхуит хъурт. Ауэрэ здекІуэкІым, 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я япэ зэхуэсышхуэм (съездым) Із щытрадзащ Урысей Федерацэр къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуа дэфтэрым. ИлъэсиплІ дэкІри, 1994 гъэм Президент Ельцин Борис и унафэкІэ, мэкъуауэгъуэм и 12-р РСФСР къэралыгъуэр хуит щыхъужа (Союзым хэта адрей республикэхэм емыпхауэ) махуэу къалъытащ.

Илъэсий дэкІри, 2002 гъэм мазаем и 1-м, къэралым «Лэжьыгъэ кодекс» къыщащта иужь, мэкъуауэгъуэм и 12-м «Урысейм и махуэ» фІащащ. НэгъуэщІу жытІэмэ, мыр, РСФСР-р СССР-м къызэрыхэкІам и махуэу къежьэри, Урысейр къэралыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэу къалъытэ хъуащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и иджырей зэІущІэм и гугъу тщІымэ, абы пщащэ цІыкІухэмрэ щІалэщІэхэмрэ ядэщІыгъуу я адэ-анэхэри къекІуэлІат.

Іуэхум и щІэдзэкІэти, УФ-м и Гимныр къеуащ. КъызэщІэтэджахэр я пІэ итІысхьэжа иужь, къэпсэлъапІэм къиуващ зи гугъу тщІы зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий.

- Ди ныбжьыщІэ лъапІэхэ, адэанэ угъурлыхэ, нобэ мыбдеж щекІуэкІ Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ. ЦІыкІухэм сынывохъэІу фыкъэзылъхуа-фызыпІахэр фІыуэ флъагъуну, сытым дежи пщІэ яхуэфщІыну, зыщывмыгъэгъупщэну гугъу къызэрывдехьахэр. Фи фІэщ фымыщІ, фемыдаІуэ «нэгъуэщІ щІыпІэ гъащІэр щынэхъыфІщ» жызыІэхэм. «Хамэ щІыпІэ сыщытхъэ нэхърэ, Хэкужь сыщылІэ!» жеІэ псалъэжьым. Абы къокІ укъыщалъхуа, укъыщыхъуа лъахэм пэщІ хъун зэрыщымыІэр. Ауэ, фэ фи къэжэпхъыгъуэ-фи щІэрэщІэгъуэщи, къыфпэплъэр илъэс бжыгъэфІкІэ гъэнщІа гъащІэ дахэу согугъэ, - захуигъэзащ Бердым я нэгу зэлъыІухауэ, зэщыгуфІыкІыжу пэшым щІэс ныбжьыщІэхэм.

Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм хуагъэлъэгъуа цІыкІухэр зырызыххэу къыхудашурэ, Ізнэ кІыхьым нэхъ пасэу трагуэша тыгъэхэмрэ паспортхэмкІэ игъэгуфІащ.

КІэлъыкІуэу псалъэ иратащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, щІэныгъэмрэ техникэмкІэ КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, профессор Федченкэ Людмилэ.

- Нэхъыжьым жиІахэм сэри срителъхьэщ. Сыт «УФ-м и цІыху» жыхуаІэм къикІыр? Абы и жэуапу цІыкІухэм япэу зэхыдагъэхыр «Хэкур фІыуэ лъагъун зэрыхуейрщ». АтІэ, дауэ ар къызэрыдгурыІуэнур? Сэ къызэрыслъытэмкІэ, Хэкур фІыуэ плъагъун папщІэ, абы уи гур кІэрыпщІэн хуейщ. Абы щхьэкІэ, нобэ дызыхэт гугъуехьхэм я мызакъуэу, лІэщІыгъуэ блэкІахэм къэралым къыщекІуэкІахэми хэпщІыкІыпхъэщ. НэгъуэщІу жытІэмэ, нобэрей Урысейм ис лъэпкъхэм зэхэт хъуа я тхыдэм нэмыщІ, зэман жыжьэ дыдэхэм щыІахэми зыщыдгъэгъуэзапхъэщ. ТхакІуэхэм, усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм куэду дащрохьэлІэ Хэкум хуаІэу щыта фІылъагъуныгъэм теухуа сатырхэм. Иджы фэ, ныбжьыщІэхэм, къэралым и цІыхуу фыкъызэралъытам теухуа тхылъыр нобэ мыбдежым къыщыватри, а Іуэхум фи жэуаплыныгъэм зэрыхигъахъуэри гурыІуэгъуэщ, - жиІащ абы.

Федченкэ Людмилэ ныбжьыщІэхэм паспортхэмрэ тыгъэ цІыкІухэмрэ яритащ.

АдэкІэ утыкум зэкІэлъыкІуэу къихьащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Туменов Мурадинрэ УФ-м Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министерствэм КъБР-м щиІэ и къулыкъум ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ и управленэм хуит къэзыщІ тхылъхэр щат и къудамэм и унафэщІ, полицэм и подполковник Іэрэмысэ Анзоррэ. А тІуми ныбжьыщІэхэм паспортыщІэхэмрэ тыгъэ цІыкІухэмрэ иратащ.

ЗэІущІэм и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэт къэралым и цІыхуу къызэралъытам теухуа тхылъыщІэхэр зратахэр къыщагъэпсалъэр. Абыхэм ящыщщ Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №3-м щІэс Пхъэшх Лианэ:

- ФІыщІэ фхузощІ мы зэІущІэр къызэзыгъэпэщахэм! Си щхьэкІэ жысІэнщи, сызыщыщ Хэку ЦІыкІуми, зэрыщыту къатщтэмэ, Урысей Федерацэми я цІэр фІыкІэ згъэІуну сыщІохъуэпс, нобэ къызата тхылъым пщІэ хуэсщІу къесхьэкІыну сыхуейщ! КъызэгъэпэщакІуэхэм мы Іуэхур Урысейм и махуэм зэрырагъэхьэлІам папщІи фІыщІэ яхузощІ! - жиІащ абы.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

*Сурэтхэр* **Къэрей Элинэ** *трихащ.*






● КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым

# Сакъыну къыхураджэ

**КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ хьэщІэхэмрэ махуэшхуэмкІэ - Урысейм и махуэмкІэ - йохъуэхъу икІи абы къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, террорым зыщыхъумэным хуэгъэза мардэхэм тетыну. ЦІыхухэм зыкъыфхуагъазэ:**

- къызэрымыкІуэ щытыкІэм цІыхухэр хуэзышэнкІэ, шынагъуэ къызыпкърыкІынкІэ хъуну Іуэхугъуэхэр фымылэжь;
- фи автотранспортыр абы хухэха щІыпІэхэм деж щывгъэув;
- хьэпшып гуэрым е автомобилым дзыхь хуэвмыщІмэ, апхуэдэу терherакт ирагъэкІуэкІыну ягъэхьэзыру, къагъауэ ІэмэпсымэхэрЭ е Іэщэхэр яІыгъыу фыщыгъуазэмэ е, ялэжьыну щІэпхъаджагъэм хэтынкІэ хъуну зыгуэрым шэч хуэфщІмэ, хабзэхъумэ органхэм абыкІэ хъыбар ивкІэщІыпІэкІэ евгъащІэ;
- хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, апхуэдэуи цІыху куэд зыхэт зэхуэсхэр щекІуэкІым деж шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зи лэжьыгъэр пыщІа нэгъуэщІ къулыкъущІэхэм хабзэкІэ къыфхуагъэувхэр вгъэзащІэ.

Сыт хуэдэ Іуэхуми теухуауэ къаІэрыхьэ хъыбарыр нэгъэсауэ къапщытэнущ, зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфІахынущ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлІауэ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым хъыбарыр къызыпкърыкІар хэтми хэІущІыІу ищІынукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фІыщІэ яхуещІ зэрызэхащІыкІым папщІэ.

*«Линэ пщтырым» и телефонхэр:*

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

КъБР-м щыІэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

УФ-м СледствиемкІэ и комитетым СледствиемкІэ и управленэу КъБР-м щыІэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - 39-99-99 (плъыр часть).

# ЩІыпІэ унафэр зэрызэрахьэр

**КъБР-м и АСМО-м иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ дызэрыт илъэсым гъатхэпэм и 20-м къащта «ЩІыпІэ унафэр зехьэным хуэгъэза Іуэхухэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм теухуауэ» Федеральнэ закон №33-ФЗ-м къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащІэм. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм политикэ кІуэцІ Іуэхухэмрэ щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ и управленэм и унафэщІ Хьэсанэ Аслъэн.**

АСМО-м и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ Ульяновэ Татьянэ хъыбар къызэрытІэригъэхьамкІэ, къаІэта Іуэхум пыухыкІауэ зэІущІэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм политикэ кІуэцІ Іуэхухэмрэ щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ и управленэм и чэнджэщэгъу Храмцов Алексей. Абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ зи гугъу ящІ законым хэплъэн папщІэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и пщэрылъкІэ, лэжьакІуэ гуп зэрызэхуашэсар, зэлэжьыпхъэхэр абы зэригъэбелджылар.

Законыщіэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, «щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ Іуэхухэр» жыІэгъуэр зэрахъуэкІащ «цІыхум я псэуныгъэр къызэгъэпэщыным и ІуэхукІэ» псалъэхэмкІэ. АрщхьэкІэ ар къыщыгъэлъэгъуа Іыхьэ 32-м къару щигъуэтынур 2027 гъэм и щІышылэм щегъэжьауэщ. АпщІондэху щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ ІэнатІэхэм я пщэрылъхэр ягъэзэщІэнущ 2003 гъэм къыдэкІа Федеральнэ законым и Іыхьэ 14 - 18-хэм тету. ПІалъэр къэсыху, республикэм и законыщІэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэм я Уставхэмрэ зэхагъэувэныр къапэщылъщ. КъБР-м и Законыр къащтэну траухуэ 2026 гъэм и накъыгъэм.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ, зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэр щІыпІэ администрацэм и унафэщІу щытыну Ізмал зэриІэм къыхэкІыу, хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и унафэщІым и пщэрылъхэр игъэзэщІэну хуиткъым. Къэрал ІуэхущІапІэхэм я ухуэкІэм тету, район Іэтащхьэм зэгуэсэу зэдехь къэрал, муниципальнэ къулыкъуэр.

- ЗэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, тфІэкъабылщ республикэ законым и проектымрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я Уставхэмрэ мы къэкІуэнур щыдгъэбелджылыну: муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэм зэуэ зэдегъэзащІэ щІыпІэ администрацэм и унафэщІ къулыкъури къэрал ІэнатІэри. Къуажэхэм щызекІуэ хабзэр къэдгъэнэжыныр къыхыдолъхьэ: муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэ - щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ ІэнатІэм и Советым и унафэщІ - администрацэм и Іэтащхьэ, - жиІащ Храмцовым.

ЗаконыщІэм жылагъуэр хэгъэгъуэзэн зэрыхуейр зэІущІэм къыщыхагъэщащ. Абы теухуауэ къэпсэлъащ Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ и Советым и унафэщІым и къуэдзэ Макаев Мулидрэ Бахъсэн щІыналъэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбч Андзоррэ.

ЗэІущІэм хэтахэм къыхагъэщащ зытепсэлъыхьа Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр, абы теухуауэ иджыри зыбжанэрэ зэрызэхуэзапхъэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Зэманымрэ щIэблэмрэ ядобакъуэ

**Ди нэхъыжьыфIхэр**

**Урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Толстой Лев жиIэгъащ: «Сабийхэр фIыуэ зылъагъу егъэджакIуэр адэ-анэм ещхьщ - ар нэхъыфIщ щIэныгъэшхуэ зиIэ, ауэ цIыкIухэм яхуэгущIыIэ егъэджакIуэм нэхърэ. ЕгъэджакIуэм щIэныгъэфI бгъэдэлърэ сабийхэри фIыуэ илъагъумэ, апхуэдэращ егъэджакIуэ нэскIэ узэджэнур». А цIыху щэджащэм и псалъэхэр епхьэлIэ хъунущ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэ мытыншым жэуаплыныгъэр зыхищIэу пэрыт Дидан Хьэрэбий Сэфарбий и къуэм. И щIалэгъуэм псэкIэ къыхихауэ щыта IэщIагъэм емыпцIыжа, и лэжьыгъэм темызашэ, ар езыгъэфIакIуэ Iуэхугъуэхэм я зэхэублакIуэ а цIыху щыпкъэр зэманымрэ щIэблэмрэ ядобакъуэ. Егъэджэныгъэм и ветеран нэхъыжьыфIыр махуэ къэс и лэжьыгъэм пэрохьэ, къаруущIэрэ жэрдэмыщIэрэ и куэду, и нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэм щIэныгъэм и лъабжьэ быдэр ягъэтIылъынымкIэ, еджэным гукъыдэж хуаIэрэ абы текIуэныгъэ цIыкIухэр къыщахьыфу иригъасэу. ЩIэблэм щIэныгъэ етынымрэ лъэпкъ гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэнымрэ зи гъащIэр хуэзыгъэпса Диданыр IэнатIэм зэрыпэрытрэ мы гъэм илъэс 50 ирокъу**.

ДИДАН Хьэрэбий Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Сэрмакъ адыгэ жылэ Iумахуэм 1952 гъэм къыщалъхуащ. Къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, щIалэщIэр щIэтIысхьащ Налшык дэт педучилищэм икIи пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу ар къиухащ. Зэман дэкIри, «Физкультурэмрэ спортымкIэ егъэджакIуэ» IэщIагъэри зригъэгъуэтащ. 1975 гъэм Хьэрэбий лэжьэн щыщIидзащ Лыджыдэ Хьэлым и цIэр зэрихьэу Сэрмакъ дэт курыт школ №2-м, япэщIыкIэ пэщIэдзэ классхэр иригъаджэу, иужькIэ физкультурэмкIэ егъэджакIуэу. Адыгэпсэрэ адыгэгурэ зиIэ Хьэрэбий анэдэлъхубзэр фIыуэ иригъэлъэгъуат а предметымкIэ курыт школым щезыгъэджауэ щыта Понэж ЛыкIуэ. А гурыщIэр и гъуэгугъэлъагъуэу, зэрылажьэм хуэдэурэ, ар иужькIэ щеджащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэми.

Педагогикэ лэжьыгъэм хуэIэижь, ныбжьыщIэхэм гукIи псэкIи яхэт, абыхэм я зэхэщIыкIыр, дуней еплъыкIэр, узыншагъэр езыгъэфIакIуэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм и дэтхэнэ дерсри хьэлэмэту, купщIафIэу зэхэгъэуващи, сабийхэр абыхэм яфIэфIу йокIуалIэ, ахэр къахуэмыгъэсу апхуэдэщ. Зы щIэблэкъым-щIэблитIкъым Диданым гъащIэ гъуэгу захуэм тригъэувар, зи ущие щабэхэр сэбэп зыхуэхъуар. Iуэху зехьэкIэ екIу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIым къыхуэарэзыщ школым и унафэщIхэри, къыдэлажьэхэри, иригъаджэ ныбжьыщIэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри.

- Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм илъэс 50 тыхь хуэзыщIа Дидан Хьэрэбий ди IуэхущIапIэм и IэщIагъэлI нэхъыфIхэм, лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ зытраххэм ящыщщ. Ди школым зэрыщылажьэ зэман кIыхьым къриубыдэу абы зыкъигъэлъэгъуащ зи къалэнхэмкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхэзыщIэ, ахэр къызыхуэтыншэу зэфIэзых, хьэл-щэн екIу зыхэлъ IэщIагъэлI щыпкъэу, - жеIэ Диданыр щылажьэ курыт школым и унафэщI Къалэ Хьэсен. - Хьэрэбий и дэтхэнэ дерсми гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ егъэджакIуэм ныбжьыщIэхэр егъасэ физкультурэмрэ спортымкIэ текIуэныгъэхэр, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэным я мызакъуэу, ахэр я Iэпэгъуу гъащIэ узыншэм и гъуэгум тету псэуну. Куэд и уасэщ а дерсхэм сабийхэм я хьэлщэныр зэрызэтрагъэувэр, зыхущIэкъу мурадхэр зыIэрагъэхьэным ерыщу хущIэкъуным, я ныбжьрэ ябгъэдэлъ зэфIэкIрэ елъытауэ, гупуи щхьэ закъуэуи лэжьэфыным къызэрыхураджэр. Апхуэдэу Хьэрэбий ныбжьыщIэхэр хуегъасэ я Iэпкълъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхугъуэхэр ягъэзэщIэным, я узыншагъэм кIэлъыплъыжыным.

Къалэм зэрыжиIэмкIэ, и щIыбагъ къыдэлъ Iуэху зехьэкIэ пэрытым и мардэхэмкIэ Диданыр ифIэфIу ядогуашэ егъэджэныгъэм къыхыхьагъащIэ IэщIагъэлIхэм. Абы щIэх-щIэхыурэ доклад купщIафIэхэр щещI школым и педагогикэ советым, методикэ зэгухьэныгъэм я зэIущIэхэм я утыкухэм. Физкультурэр езыгъэджхэм я районпсо семинархэм хэту, куэдрэ ирегъэкIуэкI дерс зэIухахэр, мастер-класскIэ зэджэу я зэфIэкIхэр наIуэ къыщащI урокхэр. Диданым и Iуэху зехьэкIэм лъабжьэ хуэщI «Узыншагъэр зыхъумэ, ар езыгъэфIакIуэ Iэмалхэр физкультурэмкIэ дерсхэм, классщIыб лэжьыгъэм къызэрыщыгъэсэбэпыпхъэр» и проектыр. ЩIэм и лъыхъуакIуэ егъэджакIуэ гумызагъэм бгъэдэлъ щIэныгъэм хигъахъуэ зэпытщ. Ар апхуэдэуи набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ IэнатIэм къыхыхьэ Iуэху зехьэкIэщIэ мардэхэм икIи ахэр и лэжьыгъэм хелъхьэри, дерсхэм шэщIауэ къыщегъэсэбэп.

ЕджапIэм щригъэкIуэкI дерсхэм къадэкIуэу, щIэблэм я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэр школакIуэхэм урок нэужьым ядолажьэ. Зы илъэси къанэркъым Хьэрэбий и гъэсэнхэр жыджэру районпсо, республикэпсо спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэмыту. Хэтым и мызакъуэу, ныбжьыщIэхэм абыхэм текIуэныгъэ лъагэхэр къыщахь, увыпIэфIхэр щаубыд. Ахэр ехъулIэныгъэ яIэу хэтщ ФизкультурэмкIэ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэми, ГТО-м къигъэув мардэхэми хъарзынэу полъэщ. А псори, дауи, и фIыщIэщ егъэджакIуэ Iэзэм.

- ГъащIэм щынэхъыщхьэр цIыху нэсу ущытынырщ. Абы куэд къызэщIеубыдэ, ауэ псом ящхьэр нэмыс, цIыхугъэ лъагэ пхэлъынырщ. ЧэнджэщэгъуфI къыпхуэхъу, гъащIэм ухуэзыгъасэ, гъуэгу пэж утезыгъэувэ унэтIакIуэ уиIэныр фIыгъуэшхуэщ. АбыкIэ къалэнышхуэ дбгъэдэлъщ егъэджакIуэхэм. Дэ дащыщщ ныбжьыщIэхэм щапхъи гъуази яхуэхъун хуейхэм, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь Хьэрэбий. - IэнатIэм сызэрыпэрыт илъэсхэм къриубыдэу зэи къэхъуакъым сабийхэм гу къабзэ-псэ къабзэкIэ сыщыхущымыта. Школым къыщылъытапхъэр ебгъаджэ предметым фIыуэ хэпщIыкIыу, методикэ зэмылIэужьыгъуэхэм ухуэIэижьу ущытыным и закъуэкъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэр фIыуэ плъагъуу, абыхэм ббгъэдэлъ щIэныгъэмрэ IэзагъымкIэ уфIэфIу уадэгуэшэнырщ. Сабиипсэ къабзэм занщIэу зэхещIыкI балигъыр къызэрыхущыт щIыкIэр. Абы елъытауи уи дерсхэм къыхуопабгъэ е зыпыIуедз. Си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ сабий нэхъыбэ спортымрэ физкультурэмрэ дегъэхьэхыным, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къэралым щIэблэ узыншэ къитэджэным и щIэдзапIэр здэщыIэр курыт школырщ. Абдеж ныбжьыщIэм щегъэтIылъ къыпэщылъ гъащIэм къриубыдэу иIэну дуней еплъыкIэхэм, гупсысэхэм я лъабжьэр. Ар спортыр зи Iэпэгъу цIыхуу къэхъумэ, псоми, япэрауэ, езым, дифI зыхэлъу къызолъытэ.

Апхуэдэ гупсысэхэр и гъуэгугъэлъагъуэу лIэщIыгъуэ ныкъуэ хъуауэ и IэнатIэм пэрытщ Диданыр. ЩIэблэ узыншэ гъэсэным, абы щIэныгъэ етыным, лъэпкъым къыддекIуэкI хабзэмрэ нэмысымрэ къыщIэгъэтэджэным пыщIа мурадхэм толажьэ ар. ЕхъулIэныгъэфIхэри къыхуехь. Абы и гъэсэнхэм къахокI футболымкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, къэжэнымкIэ, баскетболымкIэ, стIолыщхьэ теннисымкIэ районым, ди щIыналъэм щекIуэкI спорт зэхьэзэхуэхэм пашэ щыхъухэр. Къэхъуащ курыт школым и ныбжьыщIэ 11-м зэуэ увыпIэфIхэр атлетикэ псынщIэмкIэ республикэпсо зэхьэзэхуэм щыщаубыдаи. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, илъэс зэхуэмыдэхэм курыт школым щеджахэу Бай Светланэ, Чэртбий Светланэ, Махуэ Исмэхьил, Чэртбий Алим, Къалэ Эдуард, нэгъуэщIхэри.

Хьэрэбий гукъинэ щыхъуахэм ящыщщ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм я пэщIэдзэм Налшык и Сабий стадионым атлетикэ псынщIэмкIэ щекIуэкIауэ щыта республикэпсо спорт зэхьэзэхуэ иныр. Абы ехъулIэныгъэфIхэр къыщахьауэ щытащ Диданым и гъэсэнхэу Гуэнгъэпщ Мусарэ Вындыжь Алемэрэ. КъэжэнымкIэ метр 800-м япэ увыпIэр къыщызыхьа пщащэ цIыкIур IэмалыншагъэкIэ къыщыжэн хуей хъуауэ щытащ метр 1500-рэ хъуми. Абыи япэ увыпIэр къыщихьат. АрщхьэкIэ, зыр тIэунейрэ хэт хъунутэкъыми, зы щIыхь тхылърэ зы саугъэтрэщ къратауэ щытар. Гуэнгъэпщ Мусаи щытекIуат а республикэпсо зэпеуэм.

- ЕгъэджакIуэр зэрыиныр, зэрыгушхуэр и гъэсэнхэращ. Алемэрэ Мусарэ хуэдэу сызэрыпагэ куэд къахэкIащ си гъэсэнхэм. Апхуэдэхэм ящыщщ Чэртбий Олег, Къардэн Рэмэзан, Бай Ибрэхьим, Дидан Астемыр, Махуэ Арсен, нэгъуэщI куэди. Ахэр дапщэщи жыджэру, текIуэныгъэхэр къахьу хэтащ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, - жеIэ Хьэрэбий. – Апхуэдэ щIэблэ дахэкIэ Алыхьыр зыхуэупса жылэ махуэхэм дащыщщ Сэрмакъыр. ЕхъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэ ди ныбжьыщIэхэр Iэтауэ щыдогъэлъапIэ школпсо зэхуэсхэм я утыкум. Абыхэм я щIыхь тхылъхэр, дамыгъэхэр еджапIэм и унафэщIым яретыж, Iэгуауэ иным щIэту. Абы егъэджакIуэхэми еджакIуэ цIыкIухэми ди лъэр щIегъэкI, нэхъыбэжым дытрегъэгушхуэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ унэтIакIуэм иригъэджахэм ящыщ куэд абы и лъэужьым иуващ, нобэ республикэм и курыт школхэм егъэджакIуэу зэрыщылажьэри.

Диданым и гъэсэн ныбжьыщIэхэр иужьрейуэ зыхэтахэм ящыщщ ШколакIуэхэм я урысейпсо спорт джэгухэу «Президент зэхьэзэхуэхэр» фIэщыгъэр иIэу ТекIуэныгъэ иныр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу къэралым и щIыпIэ псоми къыщызэрагъэпэщар. Абы и щIыналъэ Iыхьэм Сэрмакъ дэт курыт школ №2-м и гупым унэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ езанэ увыпIэхэр къыщихьащ. Ари Хьэрэбий зыгъэгушхуэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ.

Зыпэрыт IэнатIэм, и IэщIагъэм, иригъаджэ сабийхэм яхуиIэ лъагъуныгъэ къабзэмрэ и къалэнхэмкIэ зыхищIэ жэуаплыныгъэ лъагэмращ Диданым и пщIэмрэ нэмысымрэ псом япэ къэзыIэтыр. Бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкIышхуэхэм къапэкIуащ къэрал гулъытэ мымащIи. Хьэрэбий мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дзэлыкъуэ щIыналъэ администрацэм, егъэджэныгъэмкIэ абы и IэнатIэм, зыщылажьэ школым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, дамыгъэхэр.

Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ ирехьэкI щIэблэ куэдым я унэтIакIуэ нэс, егъэджакIуэ Iэзэ, зи IэщIагъэмкIэ зэчий зыбгъэдэлъ Дидан Хьэрэбий. ЛэжьакIуэ емызэшыр, жылагъуэм пщIэшхуэ щызиIэ нэхъыжьыфIыр, бынми къуэрылъху-пхъурылъхухэми фIыуэ къалъагъу адэ гумащIэр, адэшхуэ Iущыр ноби гъащIэм жыджэру хэтщ. Хьэрэбийрэ и щхьэгъусэ ХьэIишэтрэ (ар Бэрэзджхэ япхъущ) дохъуэхъу я щIэблэ дахэм я насып зэдалъагъуу тыншу зэдэпсэуну. Зыщхьэщыт я унагъуэшхуэми куэдрэ яхуэузыншэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



Хьэрэбий и къуэрылъхухэу Аслъэнрэ Беслъэнрэ и гъусэу.

# Урысейм щIыхь зиIэ и суд пристав



**Урысейм и судприставхэм я федеральнэ IэнатIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн районымрэ щиIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Истэпан Анзор Адэлбий и къуэм и лэжьыгъэм гулъытэ игъуэтащ - УФ-м и Президентым и Унафэ №225-м, 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м къыдэкIам, ипкъ иткIэ, абы къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и суд пристав» щIыхьыцIэр**.

ПРИСТАВ-гъэзэщIакIуэу 2001 гъэм лэжьэн щIидзауэ, илъэс 25-рэ хъуауэ ар хьэлэлу хуолажьэ суд пристав къулыкъум. А лъэхъэнэм Анзор зыкъигъэлъэгъуащ зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIу.

2021 гъэм абы къыхуагъэфэщащ суд пристав IуэхущIапIэу Бахъсэн районымрэ Бахъсэн къалэмрэ щыIэм и тхьэмадэ къулыкъур. Абы и унафэм щIэт лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм хагъахъуэ зэпытщ, я Iуэхур ипэкIэ ягъэкIуатэу апхуэдэщ.

- Си дежкIэ пщIэшхуэщ икIи гуфIэгъуэщ апхуэдэ цIэ лъапIэр къэзлэжьауэ къызэралъытар. Ар си закъуэ си фIыщIэкъым, атIэ IуэхущIапIэм щылажьэ псоми ди зэхуэдэ ехъулIэныгъэщ. ЦIыхум, жылагъуэм, къэралым я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ щIэгъэкъуэн къысхуэхъу дэтхэнэ зыми фIыщIэшхуэ яхузощI. ЩIыхьыцIэм сытрегъэгушхуэ слъэкI псори захуагъэм папщIэ сщIэну. Сыщогугъ ди Iуэху зехьэкIэр куэдым щапхъэ яхуэхъуну, ди къэралым я суд приставхэм хуащI дзыхьым абы хигъэхъуэну, - жеIэ къэрал кIуэцIыдзэхэм я лейтенант нэхъыжь Истэпаным.

Зэман щиIэм и деж Анзор пщэфIэн фIэфIщ, абыкIэ я гуапэ ещI и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, благъэхэм. Унагъуэ дахи иIэщ - и щхьэгъусэмрэ абырэ зэдапI хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Унагъуэмрэ сабийхэмрэ и гъащIэм увыпIэшхуэ зэрыщаубыдым къегъэлъагъуэ и лэжьыгъэми IэхъуэгъуэтегъэкIыу ар зэрыхущымытыфынур, гулъытэшхуэ хуищIрэ жэуаплыныгъэ хэлъу зэрыбгъэдэтыр.

Анзор и IэщIагъэм хуэIэрыхуэ къудейкъым, атIэ гу зыкIуэцIылъ, и щапхъэмкIэ и унафэм щIэтхэр Iуэхум тезыгъэгушхуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставхэм цIыхухэр зэрыхущытыр егъэфIэкIуэным, и пщIэр къэIэтыным хуэлажьэ унафэщIщ.

**БЛИЙ Даянэ.**

# Укъыщалъагъум зыфI, укъыщалъытэм фIитI

**Лъэпкъ литературэм и тхыдэр зыфIэгъэщIэгъуэн куэдым зэхахащ икIи ялъэгъуащ Зеикъуэ къуажэкум хуэзэу ит еджапIэм и щIыбагъымкIэ екIуэкI нэпкъым и щыгум гу лъумытэнкIэ Iэмал имыIэу телъ мывэшхуэр. «Алий и мывэ» - аращ абы зэреджэр. ЦIэ яIэу апхуэдэ мывэ Iэджи дэлъщ жылэм, ауэ мыр къуажэдэсхэм фIыуэ яцIыху.**




ГЪЭЩIЭГЪУЭНРАЩИ, мывэм апхуэдэ фIэщыгъэ щIигъуэтам щыгъуазэр нэхъыжьхэм я закъуэкъым, атIэ топ кърихуэкIыу дэт къуажэ сабийм уеупщIмэ, ар здэщыIэр уигъэлъагъуфынущ - псоми ялъагъу, хэти топсэлъыхь, цIыхухэм я кIуапIэу щытщ. Дауэ умыщIэнрэ абы иужькIэ а мывэм цIыхухэм ирата цIэр!? АтIэ абдежщ усакIуэшхуэм «Си махуитI гъащIэ» зыфIища усэм Алий япэ дыдэу къыщеджар. Абы и къеджэкIэр зэхэзыхахэм нобэми яIуэтэж: жьы къепщэм и даущыр нэхъ мащIэ хъуат, псыежэхым и Iущащэ жьгъыруми зигъэIэсат, жаIэри. Усэм къеджа нэужь, Алий ныбжьыщIэхэм захуигъэзат: «Дэ ди Iэщэ нэхъыщхьэр щIэныгъэращ. Тхылъ уемыджэу, абы итыр зумыгъащIэу щIэныгъэ уиIэнукъым. Ауэ щIэныгъэм и закъуэкъым тхылъым къуитыр. Абы узытет дунейм и дахагъыр зыхыуегъащIэ, цIыхугъэ къыпхелъхьэ, гулъытэр егъэжан, пщэдейм ухуегъэпабгъэ. Тхылъым и дунейр телъыджэ лажьэщи, маржэ хъун, зыхэвмыгъэкIыж!» - жиIэри. Алий и псалъэм къару зэриIар кърипщIэну ирикъунщ абы жиIар зэхэзыхахэм ди щIыналъэм щызэлъащIыса тхылъэщ бэлыхьхэр зэрызэхуахьэсар. Апхуэдэт Жылау Нурбий, АбытIэ Хьэжмурат, Дыкъынэ Хьэсэнбий, Шэфий Хьэчим, нэгъуэщIхэми я тхылъ гъэтIылъыгъэхэр.

Жыжьэ дыкъыщежьами, мы гукъэкIыжым дыхэзылъэсар Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыхуащIа гулъытэмрэ а пщIэр къызыхэкIым и щхьэусыгъуэу къыжаIа псалъэхэмрэщ. Ауэ псори зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэтIуэтэжынщ.

Иджыблагъэ Мэзкуу щекIуэкIащ тхылъыр зи Iэпэгъухэм, ар фIыуэ зылъагъухэм я зэIущIэшхуэ, «Утыку плъыжь» зи фIэщыгъэ XI тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хэтащ тхылъ тедзапIэ 400-м щIигъу. УзыIэпамышэнкIэ Iэмал зимыIэ тхылъ щхъуэкIэплъыкIэхэм къыщыгъэлъэгъуат Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я IуэрыIуатэр, литературэр, щэнхабзэр, гъуазджэр, щIэныгъэр. Сыт хуэдизу телъыджэу гъэщIэрэщIами, тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм нэхъыщхьэу къыхагъэщыр нэгъуэщI гуэрт - сыту хъугъуэфIыгъуэ куэд илъ мы ди хэгъэгум, сыту фIы хъунт ар зэрытхъумэн икIи зэрыдгъэбэгъуэн зэхэщIыкI ди цIыхухэм яIамэ... ИтIанэми, тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр къекIуэлIахэм я дежкIэ зихуэдэ щымыIэ махуэщIу къахущIэкIащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэмыщхь защIэу Iуэхугъуэ 600-кIэ ягъэнщIат гъэлъэгъуэныгъэр: ди къэралым и театр пашэхэм я джэгу теплъэгъуэхэм къыщыщIэдзауэ тхылъхэм ятеухуа Iэнэ хъурейхэм, щIэнIуатэхэм, автограф-зэIущIэхэм щыщIэкIыжу абы къызэщIимыубыда жэрдэм къэнэжакъым.

Гъэлъэгъуэныгъэм хэта тедзапIэхэм псори зэхэту тхылъ мини 100-м щIигъу кърашэлIащ. Сабийхэми балигъхэми щхьэкIэ дунейм къытехьа къыдэкIыгъэ щхьэхуэхэм къиищынэмыщIауэ, щIэныгъэ-узэщIакIуэ мыхьэнэ зиIэу утыку кърахьа зэужьхэри мащIэтэкъым. КъызэгъэпэщакIуэхэм щхьэхуэу къыхагъэщащ тхылъыр лIэужьхэмрэ лъэхъэнэхэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжу зэрыщытыр. «ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу илъэсым дэ дигу къэдгъэкIыжыну дыхуеящ ди нэхъыжьхэм къытхалъхьа дахагъэ псори, дызыхуаущияхэр, дызыхуагъэсахэр. Абыхэм ящыщщ тхылъыр пщIэ хуэтщIын хуейуэ ди щэнхабзэм къызэрыхапщари. Дунейм зы къэрали щыIэу къыщIэкIынкъым ди цIыхубэм хуэдэу тхылъыр фIыуэ зылъагъу. Ар ди гъащIэм кууэ хэпщIа къудейкъым, атIэ гухэщIыгъуэ дыщыхэт, жэуап зэуэ къызыхуэдмыгъуэт упщIэхэр къыщытлъыхъуэм деж губампIэдэх тхуохъу, щIыбагъ лъэщ къытхуохъу, ди гугъапIэхэр къытхузэщIегъэрыуэж. «Утыку плъыжьыр» къэрал псор зэзыгъэуIу гъэлъэгъуэныгъэщ, мыбдеж къэрахьэлIэ тхылъхэм зы закъуи яхэткъым гум хэмыпщIэну, абы увыпIэ хэха щызымыгъуэтыну - хэт сыт къилъыхъуэми, къахигъуэтэнущ», - жаIэ къызэгъэпэщакIуэхэм.

А тхылъ дуней хьэлэмэтыр нэхъ лъэщыж хъуным зи гуащIэрэ зи Iыхьэрэ хэзылъхьахэм ящыщщ ди щIыналъэм фIыуэ къыщащIэ, ди лъэпкъ щэнхабзэм зиужьыным хэлъхьэныгъэ дахэ хуэзыщIа Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэр. Зи цIэ къитIуаитIри жылагъуэ лэжьакIуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ Iуэху къыщыхалъхьэу ахэр зыхэмыт щIагъуэ къанэркъым. Мы гъэлъэгъуэныгъэри аращ - ар япэ дыдэу зэрызэхашэрэ Котляровхэ зэщхьэгъусэхэр Iуэхугъуэм хэтщ, илъэс къэс къызэгъэпэщакIуэхэм ящымыгъупщэу тхылъ дахэщысэхэр утыку кърахьэ.

Урысейм тхылъ тедзэн Iуэхум хэтхэм я зэгухьэныгъэм гъэлъэгъуэныгъэм къриубыдэу «Илъэсым и тхылъ нэхъыфI дыдэ» зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкI. Илъэс къэс зэпеуэм и кIуэцIкIэ унэтIыныгъэ 12 къыщыхалъхьэ. Илъэс 15 лъандэрэ Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ фIыщIэ тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр кърату, а щIыкIэм тету Урысейм зи лэжьыгъэр щынэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэу екIуэкIащ. Мы илъэсри махуэу къахущIэкIащ Котляровхэ. Апхуэдэу зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ тхылъ тедзапIэм илъэс зыбжанэ хъуауэ къыщыдэкI «Къыхэщыпыкlа тхыгъэхэм я зэужь» («Библиотекэ избранного») къыдэкIыгъуэ зэхэтыр. Тхылъ 50-м нэблагъэ хъу зэужьым адыгэм и тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм ехьэлIа, нобэкIэ гъуэтыгъуей хъуа тхылъ куэд къызэщIеубыдэ. Апхуэдэу нэхъыфIхэм халъытащ балъкъэр усакIуэ Кулиев Къайсын и усэхэр щызэхуэхьэса, тхылъ 12-у зэхэт зэужьыр. А лэжьыгъэ абрагъуэхэм щхьэкIэ Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм къыхуагъэфэщащ япэ дыдэу тхылъ тезыдзауэ щыта Фёдоров Иван и гъуаплъэ скъарымрэ Урысейм тхылъ тедзэн Iуэхум хэтхэм я зэгухьэныгъэм и ФIыщIэгуапэ тхылъымрэ.

Ауэ абдеж къыщыувыIакъым а махуэм Котляровхэ къыхуащI гулъытэр. «Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Хэку. Къэбэрдей-Балъкъэр. Дзэлыкъуэ щIыналъэ» сурэт зэужьыр «Урысейм и щIыналъэхэм ятеухуа тхылъ нэхъыфI дыдэ» унэтIыныгъэм къыщыхэжаныкIащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм уасэшхуэ хуащIащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я лэжьыгъэм. «Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIахэр зытепсэлъыхь лъахэм и уэрэд кърашым ещхьщ, абы къыхэIукI фIылъагъуныгъэмрэ гурыщIэ къабзэмрэ я пшыналъэм гур апхуэдизкIэ щыз ещIри. Тхылъым цIыхум къыхузэIуих дунейм фIэщхъуныгъэ хэмылъмэ, уигури уи псэри щыбгъэтIылъу къыпхуиIуатэм зыдебгъэхьэхыну укъыхуримыджэмэ, абы телъ хьэкъыр игъэзэщIауэ къэплъытэ хъунукъым. Котляровхэ я тхылъхэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щыпсэу лъэпкъхэм хуащI пщIэр блэIэбыкIыпIэ имыIэу зыхыуагъащIэ, абыхэм я тхыдэм, щэнхабзэм, дуней лъагъукIэм хэлъ гуащIэшхуэм удрагъэхьэх, Кавказым и дуней дахэм и зы къуапэу щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым урагъэхъуапсэ. Хьэлэмэтращи, тхылъым и гъэщIэрэщIэкIэр а дахагъэм къыдэфэ хуэдэу къыпфIощI, узэджэр апхуэдизкIэ гум нахьэсу, псэм дыхьэу щытщи. Котляровхэ я тхылъхэр ди зэхьэзэхуэм зэрыхэтар дэркIэ пщIэшхуэщ», - жиIащ.

Къыщедгъэжьам деж дгъэзэжынщи, Котляров зэщхьэгъусэхэм къыхуащIа гулъытэм пэджэжу дамэ къыптезыгъакIэ зы псалъэ жаIащи, «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ хуэтщIынут. «Ди насып кърихьэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъыщыхъуащ, абы ди гъащIэр щыкIуащ. Зы пщэдджыжь нэху дыкъекIакъым, къыкъуэкI дыгъэм и хуабэр щызыхэдмыщIа, ар къулъшыкъум щихьэм, и уэрэд щызэхэдмыха. Абы къытхилъхьа гузыхэщIэрагъэнущ зи ужь дит Iуэхум ди лъэр хущIэкIыу дызыгъэлажьэр. Ар зыуэ. ЕтIуанэрауэ, мыбдеж щыпсэу лъэпкъхэм къагъэщIа щэнхабзэм щыгъуазэ уахуэхъуа нэужь, ар хэIущIыIу пщIыну ухуейуэ зы щытыкIэ уоувэ, апхуэдизкIэ ахэр хьэлэмэтщ икIи телъыджэщи. Ауэ сытми Кавказым къихьэхэм я гукъэкIыжхэр ятхыу щытакъым - гукъинэж къащыхъуар гум щызти, яIуэтэжын хуей хъурт. Дэри аращ. Ди гъащIэр тхылъым епха хъуащи, дыщыпсэу щIыналъэм, дызыхэс лъэпкъхэм я пшыналъэр абыкIэ догъэIу. Дызэхахмэ, ди насыпщ», - жиIащ Котляров Виктор.

Укъыщалъагъум зыфI, укъыщалъытэм фIитI, жиIащ адыгэм. Гуапэщ икIи гухэхъуэщ ущалъхуа щIыналъэм апхуэдиз дахэр хуагъэшу зэхэпхыныр. Ди хэкум и цIэр фIыкIэ зыгъэIу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ ехъулIэну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 12, *махуэку***

♦**Урысейм и махуэщ**

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къагъэIэпхъуат Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ драматург, АР-м и цIыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мурат Чапай**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 13, *мэрем***

♦**1936 гъэм** Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ искусствоведенэмкIэ доктор, профессор, ЩIДААмрэ Тыркумэн Республикэм щIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ я академик **Абыкъу ФатIимэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, ветеринар щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Аргун МуIэед**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **ХъуакIуэ Заурбэч**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 19- 20 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 14, *щэбэт***

♦**Лъы зытым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ и къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1936 гъэм** КъБАССР-м гъуэдджэхэмкIэ и управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, драматург, егъэджакIуэ **ЛIыхэс Мухьдин**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист **Хьэщыкъуей Олег**.

♦**1971 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Аброкъуэ Беллэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 15, *тхьэмахуэ***

♦**Жьыбгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Зи ныбжь хэкIуэтахэм кIэлъызэрахьэ бзаджагъэхэр хэIущIыIу щIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ медицинэ лэжьакIуэм и махуэр**.

♦**1561 гъэм** Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) Москва нэсащ.

♦**1892 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бырс Анзор**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Туаршы Аслъэн**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 16, *блыщхьэ***

♦**1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Уи гуащIэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.

# Фащэр щыптIэгъамэ, хьэл-щэнкIи удекIупхъэщ

**Тэрч районым и «Дуней» къэфакIуэ гупыр иджыблагъэ пашэ щыхъуащ Москва щекIуэкIа «Союз талантов России» XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэм. Абы я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и щIыналъэ 64-мрэ Белоруссиемрэ икIа гупи 189-м.**

**Дей къуажэм и къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм зэфIэкI ин къызыкъуахащ: ансамблым «Лъэпкъ къэфэкIэхэр» Iыхьэм япэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ, зэхыхьэм и Кубокри къратащ. Мы къэфакIуэ гупыр зэрыщыIэрэ илъэситху фIэкIа мыхъуми, и цIэр жыжьэ игъэIуну хунэсащ. Абы текIуэныгъэхэр мызэ-мытIэу къыщихьащ щIыналъэ, урысейпсо зэпеуэхэм. НыбжьыщIэхэм зыщагъасэ Дей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Адыгэхэр сыт щыгъуи я къафэкIи фащэкIи щапхъэу щытащ, «Кавказым и франджыхэр» цIэр теIукIауэ. А фIыгъуэхэм ямыгъэкIуэду зэрыпащэм, я ехъулIэныгъэхэр зэрызыIэрагъэхьэм теухуауэ упщIэ зыбжанэ еттащ «Дуней» гупым ядэлажьэ Сатибал Казбек:**

- ЕхъулIэныгъэм и щэхуу къэслъытэр сабийр нэхъыбэрэ утыку ихьэху, абы и зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэным нэхъри ар зэрытригъэгушхуэрщ. НыбжьыщIэ щэ ныкъуэм нэблагъэ согъасэри (илъэси 8-м щегъэжьауэ 17 хъуху я ныбжьу), зэпеуэхэм ахэр щыхэткIэ, адрей къэфакIуэхэми ядоплъейри, нэхъ лъэщ, нэхъыфIыж зэрыхъунум хуегъэпабгъэ. Псалъэм папщIэ, иужьрейуэ «Союз талантов России» XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэм икъукIэ куэд щызэхуашэсат. Абы зыкъыщагъэлъэгъуащ «щапхъэ зытрах» цIэхэр зиIэхэри нэхъыбэрэ утыку къихьахэри. Сабийхэм ар икъукIэ гукъинэж ящыхъуащ, сыту жыпIэмэ зэфIэкI лъагэ зиIэхэм ехьэехуэнми махуэ зыбжанэ лейуэ диIэу Москва зэрызыщаплъыхьами ягъэгушхуащ. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ я къэухьым зиужьынымкIэ.

ДыхущIокъу щIэх-щIэхыурэ утыку дыкъихьэну. Налшык къалэм илъэс къэс щекIуэкI «Кавказым и лъагапIэхэр» зэпеуэм, Ставрополь къыщызэрагъэпэщ «Школ гъатхэ» урысейпсо Iуэхум сыт щыгъуи дыхэтщ.



2024 гъэм Къэзан щыIа урысейпсо сабий фольклориадэми дыхэтащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт нэгъаби мы гъэми зэпеуэхэм дыкIуэнымкIэ зыкъытщIэзыгъэкъуахэр, псом хуэмыдэу «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ» заводыр (зэадэзэкъуэхэу ЛIэужь Адэлбийрэ Ахьмэдрэ). ГъуэгупщIэри хьэщIэщри къытхузэрагъэпэщащ. КъыддэIэпыкъуащ Хьэрэдурэ Заурбий, Сен Хьэчим сыми. Мы ди зэпсалъэр къэзгъэсэбэпу жысIэну сыхуейт Тэрч щIыналъэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI КIэрэф Мурадини IуэхущIапIэм пэш щытхухихауэ абы дызэрыщылажьэр. Сэбэп къытхуэхъухэм псоми фIыщIэ яхузощI.

- **ЗэрысщIэмкIэ, «Кабардинка» къэфакIуэ гупым ухэтащ, Казбек. Сабий гуп бгъэсэным дауэ ухуэкIуа?**

- Сэ езыр гъэсапIэм щегъэжьауэ къафэм сыт щыгъуи сыпыщIауэ щытауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ 5-нэ классым нэхъ кууэ абы зыхуэзгъэсэн щыщIэздзащ Быкъыш Казбек деж. Къапщтэмэ, абы щыгъуэм къызгурыIуат къафэм си гъащIэр епхауэ щытыну сызэрыхуейр. ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щIэныгъэ щызэзгъэгъуэтащ. «Терчанка» цIыхубэ ансамблым псори зэхэту илъэсипщIым щIигъукIэ сыхэтащ, ГуэныкIэ Лиуан дигъасэу. Абы и деж си IэщIагъэм теухуауэ куэд къыщысщIащ, си зэфIэкIым щыхэзгъэхъуащ жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Сахуэарэзыщ дэтхэнэ си егъэджакIуэми. Унагъуэм, си адэ-анэм си Iуэхур къызэрыздаIыгъри зыщызгъэгъупщэркъым.

Уи упщIэм сыкъытеувыIэмэ, пэжщ, «Кабардинка» къэрал ансамблым зэман кIэщкIэ сыхэтащ. Абы ирихьэлIэу, Дей къуажэм сабий гуп згъэсэну къэсщтати, наIуэт а лэжьыгъэр нэхъ къызэхъулIэну сыхуеймэ, а тIум языр къызэрыхэсхыпхъэр. Ансамблым сыхэтмэ, мыдрей лэжьыгъэр Iэпэдэгъэлэл хъунут. Арати, си гур зыхуэгъэтIылъауэ къыщIэкIар сабийхэр гъэсэнырщ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызэрызухыу иужь сихьащ а Iуэхум (2019 гъэм). Ансамблым и фIэщыгъэр - «Дуней» - зэрестрэ илъэситI хъуауэ аращ, иджыпсту абыкIэ республикэм дыкъыщацIыху.

- **Лъэпкъ къафэм иIа пщIэр нобэми лъагэу къэплъытэрэ, щIэупщIэ иIэ?**

- Къафэм и мыхьэнэр, сэ къызэрыслъытэмкIэ, япэрауэ, уи хабзэр зэрыуигъэхъумэмрэ зэрызыуигъэхьэмрэщ. Ди лъэпкъ къэфэкIэхэр гъуазджэм и лъагапIэу къалъытэ. Ахэр дгъэкIуэдмэ, апхуэдиз илъэскIэ къыддэгъуэгурыкIуа щэнхабзэри бзэхынущ. Нобэрей зэманми декIуу ар зепхьэфынущ. АдэкIи зи ужь дитыпхъэхэм ящыщ зыуэ къызолъытэ лъэпкъ къафэр тхъумэныр. Абы щIалэгъуалэр дауэ дедгъэхьэхыну жыпIэмэ, зедгъэужьын, щIэ гуэрхэр хэтлъхьэн хуейщ.

Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, иджыпсту гугъущ цIыхур къыдэпхьэхыну, къэфэным хэпшэну. Абы и щхьэусыгъуэр зэманым зэрызихъуэжар арауэ къысщохъу: гур, нэр зыхьэху куэд къежьащ, телефоным, Интернетым хущIигъэхьэркъым. ГукIи псэкIи къыхэзыхауэ къафэм зыхуагъэсэну си деж къакIуэхэм нэхъыбэ зэрезгъэщIэным сэ сыхуопабгъэ. ЩыIэщ, дауи, езыхэр хуэмейуэ адэ-анэхэм къашэхэри, ауэ абыи зы фIагъ хэлъщ: зэман дэкIа нэужь, зэгугъур ягу щрихьыжи къохъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, нэхъ ищхьэкIэ ар къыхэзгъэщакъым, ауэ сэри хуэмурэ мы Iуэхум сыхэпщIауэ аращ. Срогушхуэ сабийм ябгъэдэслъхьэр къыщыщхьэпэкIэ.

- **Щэнхабзэ къулей утыку къызэрырахьэм къищынэмыщIа, сабийм сыткIэ сэбэп хуэхъурэ лъэпкъ къэфэкIэхэр?**

- Шэч хэмылъу, узыншагъэм ехьэлIауи ар фIыщ, сабийм и Iэпкълъэпкъым, макъхэр зэрызэхих-зэрызыхищIэ щIыкIэм зрегъэужь. ЩIалэ цIыкIухэм я хьэлри абы епсыхь жытIэ хъунущ - къафэм зэрызыщагъазэ Iэмалхэр нэхъ гугъущи, бэшэч ещI. Гуп щIыжаIэжыр цIыху хыхьэкIэ, хэтыкIэ пщIэн хуейуэ аращи, абы ехьэлIауи къафэм мыхьэнэшхуэ егъэзащIэ. Нэхъ пасэм ди лъэпкъэгъухэм фащэр зэрызэрахьэу щытар нэгъуэщIхэм щапхъэ яхуэхъурт, ар щыптIэгъамэ, уи хьэлкIи щэнкIи удекIупхъэт. Ар, дауи, си гъэсэнхэм зэхащIыкIри, я дуней тетыкIэкIи абы зэрыхуэфэщэным хуопабгъэ. Фащэр щыптIэгъэн щхьэкIэ, уи гупсысэкIэри абы техуэу щытын хуейщ.

- **Уи мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ.**

- СыхущIокъу згъасэ гупым ядэзгъэув къафэхэм я мыхьэнэр нэхъ куу зэрысщIынум. КъафэкIэ цIыхур зыгъэгупсысэн, сэбэп хуэхъун лэжьыгъэхэрщ зи ужь ситынур. Ауэ къызгуроIуэ абы щхьэкIэ иджыри си щIэныгъэми къэухьми хэзгъэхъуэну къызэрыспэщылъыр. Ди хабзэ и лъэныкъуэкIэ сабийхэм нэхъыфIу диIэр яхэслъхьэну, схузэфIэкI лъэпкъым хуэсщIэну си хъуэпсапIэщ.

*Епсэлъар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

# IутIыжым и цIэкIэ ягъэува саугъэтхэр

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэпIащ адыгэ пьесэ нэхъыфI зытхахэм я зэпеуэм щытекIуахэр. Ар къызэригъэпэщащ IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ фондым.**

КЪЭПЩЫТАКIУЭ гупым хэтахэу ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басир, радиожурналист, зэдзэкIакIуэ Мэремкъул Ларисэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ сымэ зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжащ. Абыхэм я псалъэм къыхагъэщащ илъэс зытIущ ипэкIэ ирагъэжьа мы Iуэху дахэм драматург цIэрыIуэхэри нэхъ щIалэIуэхэри я зэфIэкI зэрыщеплъыжым, илъэс къэс абы нэхъыбэ къызэрыхыхьэм зэрыригушхуэр. Зэпеуэм къагъэхьа лэжьыгъэхэм щыхэплъэм, нэхъыбэу зытрагъэщIар адыгэ театрым и утыкум щыбгъэув хъуну, анэдэлъхубзэм зезыгъэужьыну къалъытэ лэжьыгъэхэрщ. Зэхьэзэхуэм дяпэкIи зиубгъуну, лъэпкъ театрым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIыну драматург нэхъыбэ Iуэхум къыхыхьэну зэрагуапэри щIагъужащ лэжьыгъэхэр къэзыпщытахэм.

Пьесэ нэхъыфI зи Iэдакъэ къыщIэкIахэм я цIэ кърaIуащ, ахъшэ саугъэтхэри иратащ. Япэ увыпIэр хуагъэфэщащ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ Аброкъуэ Бэллэ («Адыгэбзэр дэнэ щыIэ?»). ЕтIуанэ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр («Мазэм къикIа мэлыхъуэ»). Ещанэр иратащ журналист, прозаик, драматург Лыкъуэжь Залинэ («Нанэ и пхъуантэжьым и хъыбар»).

IутIыж Борис ипхъу нэхъыщIэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Лалуцэ жиIащ зэрыцIыкIурэ фIыуэ ялъагъу, я кIуапIэ театрым, драматургием хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм зыгуэркIэ ядэIэпыкъуфмэ зэрагуапэр, бзэм, щэнхабзэм, театрым я зыужьыныгъэм хуэлажьэхэм гулъытэ ягъуэтын зэрыхуейр.

- Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэми ар къывдэзыIыгъхэми фIыщIэ фхузощI. IутIыж Борис диIэм я нэхъыфIхэм ящыщу щытащ. ПсэухукIэ фIыуэ слъэгъуащ, иджыри зыщыдгъэгъупщэркъым. Бзэр хъумэныр и уэсяту дунейм ехыжащ. Абы хуэфэщэн дэтхэнэри Тхьэм дищI, - жиIащ Аброкъуэ Бэллэ.

Тэтрокъуэ Астемыррэ Лыкъуэжь Залинэри псалъэ гуапэхэр хужаIащ илъэсищэм зэ къалъху цIыху телъыджэхэм, гуапэхэм ящыщ IутIыж Борис и цIэкIэ зэпеуэр къыхэзылъхьахэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.





*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег

# Сабийхэм папщIэ

## СИ МАМЭ

Мамэ щIэсмэ,
Унэр хуабэщ,
Псэр мэтыншыр,
Гур мэпсэху.
Мамэ гуфIэм,
Дыгъэм хуэдэщ.
Мамэ гъащIэр
Тхуегъэнэху.

## ГЪАТХЭ

Гъатхэ, гъатхэ,
Нэ къуэлэн,
Мазэ набдзэ
Дахэ.
Дыгъэм щхьэцыр
Хуеухуэн,
Жьым
ЩхьэцпыщIэ
Хепхэ.
Удз IэлъэщIыр -
ЩIым хуидар -
Теубгъуащ
И дамэм…
ТхьэIухуд
Сурэту сщIащ -
Ещхьыркъабзэщ
Мамэ!

## ДЫГЪЭ БЗИЙ ЦIЫКIУ



Дыгъэ бзий
ЦIыкIур
ГуфIэжу
Пэшым
КъыщIопкIэ,
ИгъэкIылу
ТIэкIуи,
Си напэм
КъытопкIэ.
Си набдзэм
Тоувэ,
Си натIэм
КъотIыркъ.
ГъуэлъыпIэм
Къоувэ,
ЖимыIэу
ЗыцIыкIу.
НапIэр
Зэтесхыу
А хьэщIэм
Сеплъам,
Къызехыр
Бзий цыкIум
Гуапэу
Сэлам.
Сытэджу
Си Iэр
Сэ щысшиям,
Бзий цыкIур
ДаIэ,
Къэпщтэнти,
Бгъуэтам.

## УД ФЫЗЫЖЬ

Уд фызыжьу
Пэ къуаншэжь,
ТIэкIуи жьажьэу
Тхы Iушэжь,
Пэжкъым жаIэр
Уэ убзаджэу.
Сабий цIыкIухэри
Бгъэтхьэджэу!
Дзэ пIутыжкъым,
Пшхынур сщIэркъым,
КъикIи щыIэкъым

Уи макъым,
Еуи, кIий, ухуейм
Дэлъей.
Сыпщышынэркъым
Уэ Iейм!
Уэ си жейми
Укъыхыхьэм,
ЖесIэжынущ
Дадэ и хьэм!

## ЖЬЫ НЭКIУТIЭ

Жьы нэкIутэ
Накъырапщэ,
Зи нэкIуитIыр
Топ гъэпща.
Ухэмытыт,
ПщIыну жьапщэ,
Жьым фи тепщэм
Хуит уищIа?!
Сэ сыкIуэнущ
Си анэшым,
Уэ зэран
Укъысхуэмыхъу.
Сигъэшэсым
Дадэ и шым,
Къыпхуэсхьынкъэ
Балий мыхъу!
И нэкIуитIыр
Къигъэпщауэ,
Къопщэр, къопщэр
Жьыр, губжьауэ.

## ДАДЭКЪУАПЭ

Дадэкъуапэ,
Дадэ пыIэ,
Дадэ къуагъым
Къыкъуэмыщ.
Ичым дадэ
Зы лъэбакъуэ,
Деч лIы цIыкIум
Лъэбакъуищ.
Дадэкъуапэ
ЖыIэдаIуэщ -
Дадэ жиIэр
ТIу имыщI.
Папи мами
ИгъэгуфIэу,
Къихькъым
Унэм
«Тху» нэмыщI…
Дадэкъуапэ,
Дадэ пыIэ,
Нэ топышхуэу
ЩIалэфI нэгу.
КъыкIэрыкIи
Нобэ дадэ,
Уи ныбжьэгъухэм
Ядэджэгу.

## ХЭТ ЗЫШХАР?

Мазэ никъуэ,
Чыржын никъуэ,
ТIури никъуэщ -
Уникъуащ.
Зыуникъуари?!
Чыржын никъуэр
Сэ сшхыжамэ,
Мазэр никъуэ
Хэт зыщIар?!

## МЫЩЭ ЗЭФIЭМЫХЬЭ



Мыщэ бацэ,
Лъэбыцэжь.
МыкIуэмытэу
Щхьэхынэжь,
ТхьэмыщкIэжьу
ЗэфIэмыхьэ,
Уэ ди къуажэм
Удэмыхьэ, -
Хьэблэ хьэм уэ
Къыптралъхьэ
Бажэм къазу
ЯфIихьар.
Зэхуэсамэ,
Ут уралъхьэ, -
Уагъэхьынущ
Ямыхьар!

## СЫТУ ПIЭРЭТ?

- Уарэ, уарэ, сыт къэхъуарэт?!
Хьэжьым бажэ къиубыдарэт,
ЛIыжьыр псынщIэу
кIэлъысарэт,
Бажэр къэпым иридзарэт,
И фызыжьым ар хуихьарэт,
Бажэм пщампIэ къыхэкIарэт,
Хьэжьым къупщхьэ
къыхуадзарэт…

Уарэ, уарэ, сыт флъэгъуарэт?!
Бажэм къэпыр иугъуэнарэт,
Бажэр къэпым къипщыжарэт,
Мэзым бажэр щIыхьэжарэт,
Лыжьыр цыплъым
кIэлъыжарэт,
ПщампIэм лыжьыр
хэкIыжарэт,
Хьэжьым къупщхьэр
къыхуэнарэт…

Уарэ, уарэ, сыт флъэгъуарэт?!
Ди хьэм мыщэ къиубыдарэт…

## УЭШХ

Уафэр мэгъуагъуэ,
Уэшхыр къожэх.
ИщIурэ лъагъуэ,
Псыдзэр йожэх.
ЩIыхухэр щIэжауэ
Уэшхым къыщофэ.
ЩIым иIу гъущIауэ,
Псы куэду йофэ.
Уэшхыр мыувыIэ,
Мэхъу нэхъ къиин.
ЦIыкIухэр мэлъаIуэ:
«ДыщI псынщIэу ин!»

## «ШКОЛАКIУЭ»

Чырбыш никъуэ,
ЩIакхъуэ, кхъуей,
ЛошкIэ, гуахъуэ,
Жьэрыкуей,
КIапсэелъэ,
Малъхъэдис,
Письмоулъэ,
Зы ирис,
Дзасэ, мастэ,
Цыщ лэныстэ,
Газетыжь,
Журнал,
Къэбыстэ…
И портфелым
Сыти дэлъщ,
Тхылъ дэмылъ,
Тетрадь лъэпкъи
Яхэмылъ…
ГъэтIылъыгъэу
Мы бэгъуар,
Школ къэзыхьыр
Хэт? Флъэгъуа?

## СИ НЫБЖЬЭГЪУ НЭХЪЫФIЫР

Си ныбжьэгъу нэхъыфIыр -
Ар сэ си гъунэгъущ.
Си ныбжьэгъу нэхъыфIыр
Ар сэ си партэгъущ.
Си ныбжьэгъу нэхъыфIым
ПцIы иупскъым зэи.
Си ныбжьэгъу нэхъыфIым
Къищтэркъым имей.
Си ныбжьэгъу нэхъыфIыр
Ныбжьэгъу псом ялейщ.
Си ныбжьэгъу нэхъыфIым
Сэри сыдоплъей!

## ЖЭЩ

Вагъуэ ныбэ
Фыгъуэнэд,
Вагъуэ къомбэ
Изщ уи нэд.

Махуэм цIыкIухэм
ЗащогъэпщкIу,
Жэщым цIыкIухэр
КъыпщагъэпщкIу -
Iух уи нэдыр,
Къих зы вагъуэ.
ЦIыкIухэм ет,
УмыщI я жагъуэ!

## ДАНЭ

«ТIэпI-тIэпI-тIэпI!»
Данэ уэшхым дэушащ.
КъэкIуаIауи къыщыхъуащ.

«ТIэпI-тIэпI-тIэпI!»
ЩIыбым макъ щызыщIыр
сыт?
Ди бжэм деж зыгуэр къыщыт?

«ТIэпI-тIэпI-тIэпI!» -
Хэт щхьэгъубжэм къытеуIуэр?
Сыт зыгуэри щIыжимыIэр?

«ТIэпI-тIэпI-тIэпI!»
Сыбдэджэгуркъым сэ,
гъуамэм,
КIуэжыт, уиIэу щытмэ, мамэ!

«ТIэпI-тIэпI-тIэпI!»
Уэшхыр Данэ къоIущащэ:
«Жей, си Данэ, жей, си гуащэ».

## ЩIАКХЪУЭ IЭФI

ЩIакхъуэ хуабэм
Псэр дохуабэ,
ЩIакхъуэ щабэм
Гур дощабэ.
ЩIакхъуэ IэфIым,
Телъым Iэнэм,
И гуи, и пси
Хелъхьэ анэм…

## НАСЫП

ЕхуэбылIэу си гум,
Илъщ Iэ цIыкIур Iэгум.
Сабий гуфIэнэгум
Нэхъ IэфI теткъым щIыгум!

## ХЭТ ГЪЫНАНЭР?



Хьэр мэбанэ,
Джэдур мэпщIэу,
Мэлыр магъуэ,
Жэмыр мэбу,
Адакъэр маIуэ,
Бжэныр мэIуей,
Джэдыр мэкъакъэ,
Къанжэр мэкIакIэ,
Дзыгъуэр мэцIу…

ПIытIэ-щэ?
ПIытIэ мэгъынанэ,
Къешхыдащи нанэ.

## АДЭ-АНЭ

Анэр - ар псалъэщ,
Адэр - ар щапхъэщ.
Анэр - ар гущэщ,
Адэр - ар купщIэщ.
Анэр - ар гугъэщ,
Адэр - ар лIыгъэщ!

## СЫХУЭМЕЙ НЭГЪУЭЩI

Дадэ, нанэ, Хэку, си лъахэ…
Сыту псори псалъэ дахэ!
Папэ, мамэ, къуэш,
шыпхъу цIыкIу…
Сыхуэмей нэгъуэщI зыцIыкIу.

## УЭГУШ НАПЭ



Дыгъэр гуфIэу къыкъуэкIащ,
IэплIэ гуапэу къысхуищIащ.
Къытрипхъащ си нэкIум уэгу,
Дади нани къыздоджэгу -
Уэгуш напэ мис ухъуащ,
И нэфI дыгъэм къыпцыхуащ.
Уэгуш напэ, насып нэгу,
ДыщIэгъаплъэт уэ уи лъэгу.

## СЭ ЕДЖЭКIЭ ЗЫЗОГЪАЩIЭ

Сэ еджэкIэ зызогъащIэ,
Хьэрфхэр сэ къызощI
ныбжьэгъу.
ЗэпызощIэ зырызыххэу,
ЗэхузощIыр ахэр гуэгъу.
Хьэрфхэр гъусэ зэхуэхъуамэ,
Псалъэ дахэхэр къагъэщI.
Тхылъыр уэ ныбжьэгъу
къэпщIамэ,
Дуней псор ныбжьэгъу
пхуэхъуащ.

## ГЪАТХЭР КЪОБЛЭГЪЭЖ

ПцIащхъуэм и кIэм пысу
Хуабэр къыздехьыж.
Гъатхэр къызэрысу
Дыгъэм зеIэтыж.

Къыхэпщащ удзыпэр,
ДыгъэмкIэ заший,
Жыгхэр зэщIопщIыпщIэ,
ПолыдыкI къапщIийр.

Пшэжьхэми, мыпIащIэу,
Уэгум къыщакIухь.
Махуэм хохъуэ, къапщIэу,
Махуэр хъуащ нэхъ кIыхь.

БжьыхьэкIапэм абгъуэ
ПцIащхъуэм кIэщIещIыхь.
Хьэжьри къиплъкъым и гъуэм -
Къупщхьэ пшэр йопщIыхь.

## БЖЬЫХЬЭ ПАСЭ

Махуэм хуэмурэ кIэроху,
Дыгъэр хъуащ нэщхъей.
Уафэм уэшхыр къыIэпоху,
Гъуанэ хъуа нэхъей.

Щызэхэпхкъым хадэм
Бзухэм я уэрэд.
Къанжи, япэм хуэдэу,
Щыплъагъуужкъым куэд.

Пылъэлъащ жыг тхьэмпэр,
ЩхьэкIэм жьыр щоджэгу.
ЩIыIэр иту япэ,
Бжьыхьэр тохьэ гъуэгу.

## БЖЬЫХЬЭ БЭВ

Бжьыхьэм нобэ хущIэмыхьэ,
Бжьыхьэм Iуэхур и пщэм къос,
КърехьэлIэжыр
пхъэщхьэмыщхьэр,
Джэш хъурейми и лъэр нос.

Гъавэр гуэным ирекIутэ,
ЕужьэрэкIыу зэщIекъуэж,
ХадэхэкIым дыкъекъутэ,
Чы матэжьхэм имыхуэж.

Дегъэтхъэжыр бжьыхьэ
бэвым,
Кхъужь фоупскIэ зыдотIыж…
Ауэ жиIэркъым псалъэжьым -
Узэгугъур къогугъуж.




● ЖыIэгъуэхэр

# Лъагъуныгъэр унагъуэм и дыгъэщ

**♦Мылъку зи куэд нэхърэ акъыл зиIэ.**
**♦Уи пщIэнтIэпскIэ къэблэжьыжам нэхъ Iэфl щыIэкъым.**
**♦Уи щыуагъэхэр уэзыгъэлъагъуж бийр куэдкIэ нэхъ щхьэпэщ, ахэр къыпщызыгъэпщкIу ныбжьэгъум нэхърэ.**
**♦ЦIыхум фIагъыу хэлъыр къыумыщIауэ, и никъусаныгъэхэм утепсэлъыхьу щIумыдзэ.**
**♦Лъагъуныгъэр унагъуэм и дыгъэщ.**
**♦Насыпыр мылъкум епхакъым.**
**♦Пэжыр хущхъуэм хуэдэщ – икIи щхьэпэщ, икIи дыджщ.**
**♦Шхэгъуэм деж узыншэщи, лэжьэгъуэм деж быкъшыкъщ.**
**♦Къыумылэжьауэ къыпхэхъуэр хьэлэлкъым, абы ущымыгуфIыкI.**
**♦Гугъэм зэи кIэ иIэкъым.**

КIУРАШЫН Алий.



● Шхыныгъуэхэр

# Мэл тхьэмщIыгъуныбэ

Мэлым и кIэтIий гъумыр ягъэкъабзэри, псы щIыIэкIэ ялъэс, тхьэмщIыгъур бэлагъкIэ яуб, лы лъахъцхэр къыхах, хуэтIатIэу IэкIэ япIытI, мывэ хищIамэ, къыхах. Абы мыцIыкIу дыдэу зэпыупщIа щэ тхъурымбэ, бжьыныщхьэ упщIэта, шыгъу, шыбжий плъыжь, бурш, бжьыныху, джэдгын халъхьэ, псы щIыIэ хакIэри, фIыуэ зэIащIэ. ИтIанэ кIэтIий гъумыр тхьэмщIыгъумкIэ якудэ, и кIапэр папхыкI. Ар шыуаным иралъхьэ, щIигъанэу псы хуабэ щIакIэ, шыгъу хадзэри, тхьэмщIыгъуныбэр къэпщыху мафIэ щабэм тету ягъавэ.

Иужькlэ лэпсым бэлагъкIэ къыхах, Iэнэм тралъхьэ, и кIапэ пыпхыкIар кърагъэутIыпщри, бэлагъкIэ и кIыхьагъкIэ телъэщIыхьурэ бахъэ пщтырыр кърагъэкI. Ар папхыкIыж, къызыхаха лэпсым халъхьэжри, хьэзыр хъуху - сыхьэтрэ ныкъуэкIэ - ягъавэ. ТхьэмщIыгъуныбэ вар бэлагъкIэ лэпсым къыхахри тепщэчышхуэм иралъхьэ, и бахъэ пщтырыр зэрыкIуэу и Iувагъыр см 1,5 - 2-рэ хъууэ хъурейуэ зэпаупщI. Ар щызэпагъэжкIэ зэкIэрымыщэщу, дагъэ къыщIэжу, мэ гуакIуэ къыхихыу щытщ.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ, пщтыру тепщэчым Iыхьи 3 - 4 иралъхьэ. Бжьыныху шыпс фалъэ цIыкIукIэ гъусэ хуащI. ПIастэ хуабэ дашх. Ди зэманым тхьэмщIыгъури, тхьэмбылри, щэ тхъурымбэри лыхьэжым щIагъэкI, ауэ щэ тхъурымбэр умыхьэжу бупщIатэмэ нэхъыфIщ.

*Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):* кIэтIий гъум тхьэщIауэ - узыхуейм хуэдиз, тхьэмщIыгъуу - г 750-рэ, щэ тхъурымбэу - г 450-рэ, бжьын укъэбзауэ - г 50, бжьыныху укъэбзауэ - г 30, псыуэ - г 220-рэ, шыгъуу - г 17, шыбжий фIыцIэу - г 2, шыбжий сыр хьэжауэ - г 4, джэдгыну - г 4.

**Дэтхэнэ зы щIыналъэми иIэщ зэрыгушхуэ щIыпIэ дахэхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр куэдым йофIэкI. Къэтщтэнщ республикэм и Дзэлыкъуэ районри, нэр зыхьэхуу, гур хэзыгъахъуэу сыт хуэдиз щIыпIэ телъыджэ иIэ абы?! Языхэзми укъыщыхута нэужь, щыплъагъу дахагъэм псэр етхьэкъу. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Шэнтхъурейр, Псынащхьиблыр, Тамбукъан гуэлыр, Джылы-Су аузыр, Джэдмышх псыкъелъэхэр. Ахэр щIыуэпсгъэдахэу, турист кIуапIэу зэрыщытыр хэткIи щэхукъым.**

● ЩIыпIэ дахэхэр

# Джэдмышх псыкъелъэхэр



СИ ТХЫГЪЭМ и гугъу щысщIыну сыхуейт Джэдмышх псыкъелъэм. ЦIыхухэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуащI зыгъэпсэхупIэхэм ящыщщ ар. А щIыпIэм туристхэр «Пащтыхь псыкъехуэхкIэ», «Пащтыхь пыIэкIэ» йоджэ. Псэр зыхьэху псыкъелъэхэм я лъагагъыр метр 60 мэхъу. Уумэзэхауэ сыхьэт бжыгъэкIэ уакIэлъыплъыфынущ абыхэм: хэти уэру, хэти псыгъуэу къохуэх ахэр бгыщхьэм. АпхуэдизкIэ макъышхуэ яIэщи, гъунэгъуу щыт цIыхум жиIэр хуиту зэхэпхынукъым. Махуэ дыгъэпсхэм псыкъелъэм къыхэплъагъукIыфынущ лэгъупыкъу. ЩIымахуэ лъэхъэнэми удэзыхьэх теплъэщ псыкъелъэм иIэр. Ар зэрыщыту зэщIощтыхьэри, мылым къыхэщIыкIа скульптурэ дахэ мэхъу. УкIэлъыплъыну гъэщIэгъуэнщ ар зэрызэхэт мылдзасэ цIыкIухэр къыщыпылъэлъкIэ макъ телъыджэхэр къагъэIуурэ къуэм зэрыдэхуэм.

«Джэдмышх» цIэм адыгэбзэкIэ джэдхэм ямышх удз жиIэу аращ. ЩIэныгъэлIхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, а щIыпIэм апхуэдэ удз куэд къыщокI. ЩIыпIэм и цIэр къызытекIам нэгъуэщI хъыбари иIэу жаIэ. Ар а щIыпIэм щыпсэуа, щIыналъэр зыIэщIэлъа уэркъ лъэпкъым я унэцIэми къытекIауэ хуагъэфащэ.

Илъэс куэдкIэ къекIуэкIащ Джэдмышх псыкъелъэм пэмыжыжьэу щыпсэухэм фIэкIа щымыгъуазэу. 2000 гъэм щIыпIэм щыIэ Iэхъуэхэр псыкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ ар зэрыжэн бжьамийхэр иращэлIа, абы ухуэзышэ гъуэгури яхуа нэужь, псыкъелъэм къекIуалIэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ. ЖыпIэнурамэ, нобэ ар щIэупщIэ зиIэ турист зекIуапIэ нэхъ цIэрыIуэхэм хабжэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Заремэ.**

● ГушыIэ

# ГукIэ сыкъоджэ

Адыгэ литературэмкIэ дерсыр екIуэкIырт. Тыркубий и лэжьыгъэм зэрыпэрыхьэрэ куэд щIатэкъыми, иригъаджэ сабийхэр къыщышынэмэ нэхъ къищтэу, ятекIиеу урокыр иригъэкIуэкIырт. Унэ лэжьыгъэу яритар ЩоджэнцIыкIу Алий и «Октябрь» усэр гукIэ зрагъэщIэну арати, еджакIуэ цIыкIухэм, «къыдэмыупщIащэрэт» жыхуаIэ щIыкIэу, заущэхуауэ щыст.

- МытIэ, къыдэкIи «Октябрь» усэм гукIэ къытхуеджэт, - хикъузэу жиIащ Тыркубий.

МытIэ къыдэкIри, мывэ сыну увауэ, зыри жимыIэу щытт.

- ДынодаIуэ! Щхьэ зыри жумыIэрэ? ЗумыгъэщIауэ ара?
- ЗэзгъэщIащ.
- НтIэ, уи жьэм къурт жьэдэлъ? ЖыIэ!
- ГукIэ къеджэ жыпIащи, гукIэ сыкъоджэ! - къикIуэтакъым щIалэ цIыкIур.

# Афэ джанэ

● Фэ фщIэрэ?

**Адыгэхэр зэрыпагэу, зэрыгушхуэу щытахэм ящыщ зыщ зауэлIым и фащэр. Абы щыщ Iыхьэщ афэр.**



АФЭМ зауэлIым и Iэпкълъэпкъыр щихъумэрт шабзэшэм, джатэм, бжым, пасэрей зауэлIым къигъэсэбэпу щыта фочым. Ар къыхащIыкIырт выфэм, домбеяфэм. ИужькIэ жырым къыхащIыкIыу щIадзащ. Дыжьын зытегъэлъэдам афэхукIэ еджэрт.

Адыгэ афэ джанэр, и фIагъымрэ и дахагъымрэ къыхэкIыу, къыщагъэсэбэпу щытащ Урысейм, Польшэм, Мысырым, Уэсмэн пащтыхьыгъуэм, Ираным.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Зыгуэр ираду, ирадыжу къагъэсэбэп гъэша псыгъуэ. **6**. Унэм щызэрахуэ Iэщ цIыкIу лъэпкъ. **7**. Санейм къыпыкIэ мэракIуэ. **8**. Емыкъум еплъи дэзышым ... *(псалъэжь)*. **9**. Шэдхэм, псыпцIэхэм узыщрихьэлIэ, цIыхум, псэущхьэм я лъыр къыщIэзыфыкI гъудэбадзэ лIэужьыгъуэ. **11**. Яжьафэ. **13**. Iу, къурмакъей. **16**. Дыщэ, дыжьын сыт хуэдэхэм къыхэщIыкIауэ Iэпэм фIалъхьэ, иралъхьэ уэрдыхъу. **18**. Жыр тхьэгъу цIыкIуурэ зэрылъу щIа джанэ, Iэщэм зыщахъумэн папщIэ пасэ зэманым зауэлIхэм зыщатIагъэу щытащ. **19**. Псыежэхым, гуэлым хьэлъэ, цIыху, Iэщ зэрызэпраш кхъухь, кхъуафэжьей лъэгубгъуэ. **20**. IупщIакIэ щIыIум къытекIэ цы. **21**. IуэрыIуатэм хэту куэдрэ узыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ пыту, псыр иубыду, цIыху ишхыу.

***Къехыу:*** **2**. Уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум щыIэ псори, щIы хъурейр. **3**. Пщыкъуэм и щхьэгъусэ. **4**. Бжыхь, чий сыт хуэдэхэр щахукIэ чыр зыдадз пхъэ яе хуэкIыхь. **5**. Мэзым къыщыкI къэкIыгъэ, и тхьэмпэшхуэхэр хуэкIыхьу, дэбзыкIауэ. **10**. IыхьитIу зэхэт псалъэхэр зэпызыщIэ нагъыщэ. **12**. Бынир зей цIыхухъу. **14**. Зи теплъэкIэ плъыжьфIыцIафэ. **15**. Псы Iуфэхэм, псыпцIэхэм къыщыкI, лъагэу дэкIей къэкIыгъэ, и лъадийр ку гъуанэу. **16**. Ныбжьэгъу, гъусэ, акъылэгъу. **17**. Хьэкъущыкъухэм я кIуэцI.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.



***Мэкъуауэгъуэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Тажьджэ. **6**. Хуатэ. **7**. Тумэ. **9**. Хулъэ. **12**. ЩхьэIу. **14**. Мэкъут. **15**. Гъуабжэ. **16**. Щауэ. **18**. Шатэ. **20**. Гъуэжь. **22**. ВыщIэ. **23**. Абыкъу. **24**. Абрэдж.
***Къехыу:*** **2**. Афэху. **3**. Джатэ. **4**. Нащэ. **5**. ХумпIэ. **8**. Пщащэ. **10**. Лъабжьэ. **11**. Утхъэу. **13**. Iугъуэ. **14**. Мэш. **17**. Утыку. **19**. Алыдж. **20**. Гъуэмб. **21**. ЖьакIэ.

# Сосрыкъуэрэ Хумайрэ зэдожьу

**Блэкlа махуэ зыбжанэм Интернетыр къигъэпсэлъащ уэрэджыlаклуэ цlэрыlуэ Билан Димэ яхэту, «Ай йола» башкир уэрэджыlаклуэ гупым ягъэзэщlа «Хумай» уэрэдым. Гъатхэпэм утыку кърахьэу, дуней псом цlэрыlуэ щыхъуа пшыналъэщlэм иджы урысыбзэрэ адыгэбзэкlэ едзыгъуэ зыбжанэ хагъэхьащ.**



УЭРЭДЫМ хагъэува адыгэбзэ сатырхэр зэхэзылъхьар Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэм и къэрал институтыр къэзыуха макъамэтх, усаклуэ lэпщэ Анзорщ, абы теухуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэм» нэхъ пасэу тетащ.

*Сосрыкъуэу нарт лlыхъужь,*
*Хахуэ лlыфlхэр зи lэужь,*
*Дэп жьэражьэм къыхэкlа,*
*Мывэ джейм къыклуэцlыкlа.*
*Сосрыкъуэу нарт лlыхъужь,*
*Сабиигъуэм сызыхьыж,*
*Уи щlыналъэм сыщапlащ,*
*Адыгэщl сыкъыщыхъуащ.*

«Гумэ Маринэ пlалъэ кlэщlым уэрэдым и едзыгъуэхэр стхыну къыщызжиlам, сыпlейтеят, схузэфlэмыкlынкlэ сыгузавэу, ауэ псалъэхэр, сызэримыгугъауэ, сыхьэт бжыгъэм хьэзыр хъуащ. Си гуапэщ ди адыгэ щэнхабзэ щэджащэр ипэкlэ зыгъэкlуатэ сыт хуэдэ lуэхуфlми сыхэтыну», - иритхащ и напэклуэцlым lэпщэ Анзор, уэрэдыр хэlущlыlу хъуа нэужь.

Сыт апхуэдизу мы lуэху къызэрыгуэкlым хэлъыр, lэуэлъауэшхуэ епщlэкlын хуэдэу, жызыlэни щыlэщ. Ауэ мыхьэнэ зиlэр урыс уэрэджыlаклуэ цlэрыlуэм адыгэбзэкlэ уэрэд зэригъэзэщlам и закъуэкъым. Зи гъащlэм и lыхьэфl Къэбэрдей-Балъкъэрым щызыгъэклуа Билан и фlыгъэкlэ башкирхэм я lуэрыlуатэм щlыпlэшхуэ щызыубыд Хумай хъыджэбзымрэ лlыхъужьыгъэм и дамыгъэу нарт эпосым хэт Сосрыкъуэрэ я цlэхэр зы уэрэдым щызэуlуащ. Апщlондэху лъэпкъитlыр ди щэнхабзэхэм я хъугъуэфlыгъуэхэмкlэ дызэдэгуэшэну, абыхэм зэщхьу е зэмыщхьу яхэтыр, щхьэж и къежьапlэр адрейм ейм къызэрыщхьэщыкlыр зэдгъэщlэну щхьэусыгъуэ къыдатащ.

«Ай йола» гупыр къызэрыунэхурэ илъэс етlуанэр екlуэкl къудейщ. Рамазанов Ринат уэрэджыlаклуэмрэ макъамэр къизыгъэкl Шайхитдинов Русланрэ зэгъусэу lуэхур ирашажьэри, иужькlэ Руслан ипхъу Шайхитдиновэ Адель гъусэ зыхуащlащ. Дызэрыт зэманым икъукlэ зиубгъуащ ахэр зытет «этно-фолк» уэрэд гъэзэщlэкlэм. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ, ар адрейхэм къазэрыщхьэщыкlыр лъэпкъ щхьэхуэм и lуэрыlуатэмрэ иджырей гъэзэщlэкlэмрэ зэрызэщlалъхьэрщ. Адыгэхэр къапщтэмэ, а унэтlыныгъэм Адыгэ республикэм нэхъ зыщиужьащ. «Ашэмэз», «Мыст» гупхэм я гъэзэщlэкlэри утыку къихьэкlэри зыгуэркlэ ещхьщ зи гугъу тщlы «Ай йола»-м ейм. Псалъэм папщlэ, иужьрейуэ екlуэкlа «Черкес-ФМ» концертым «Ашэмэзым» щигъэзэщlащ Сосрыкъуэ зыхэт нэгъуэщl уэрэд. Ардыдэм хэта «Мыстым» и гугъу пщlымэ, ахэр гъунэгъу республикэхэми ирагъэблагъэ, езым я утыку ихьэкlэр щlалэгъуалэ гукъыдэжымрэ лъэпкъ хабзэмрэ щызэхэухуэна къыхэхыкlэкlэ гъэпсащ.

«Ай йола»-мкlэ къэдгъэзэжмэ, мы башкир уэрэджыlаклуэ гупым щапхъэ щlатепхын ябгъэдэлъщ. Къызэрыщlэкlымкlэ, зи гугъу тщlы уэрэдыр зыхиубыда альбомыр тюрк-монгол лъэпкъ псоми я зэхуэдэ «Урал-Батыр» эпосым йоклуэлlэж. Уэрэдыр зытеухуа Хумайр лъэпкъым игъэдахэ хъыджэбз зэкlэлъыклуэм и щапхъэщ, берычэт къызыдэклуэ, къызыхэкlам хуэпэж, анэ фlэрафlэ къыхэкlынкlэ зыщыгугъ, зыузэщlыныгъэмрэ нэхумрэ я дамыгъэщ. Уэрэдым и псалъэхэр зейр Нажметдиновэ Даринэщ. «Хэт Хумайр?» - жаlэри, къызоупщl, - жеlэ уэрэдым. - Абы и закъуэщ псынэ псэхэлъхьэжыр зыщlыхур. Ар хамэ щlалэм егуэклуакъым, лъэпкъым и хабзэм ебэкъуакъым. Ди башкир пщащэхэр вагъуэм ещхьщ, насып бзууэ къалъытэ Хумай хуэдэщ».

Гъащlэм фlы куэд щызоуlу. Башкортостаным мэкъуауэгъуэм и 8-м «Урал-Батыр» эпосым и махуэу щагъэуващ, мы гъэм ар япэ дыдэ ягъэлъэпlащ. Башкир lуэрыlуатэм и хъугъуэфlыгъуэр усэу сатыр 4576-рэ, прозэу сатыр 19-рэ мэхъу. Илъэс мин бжыгъэкlэ зэфlэува эпосыр ныбжькlэрэ зэlэпахащ, тхылъымпlэм япэу щытратхар 1910 гъэрщ, ари яхуэхъумакъым. Уфа дэт щlэныгъэ-къэхутаклуэ центрым щlэлъщ латин хьэрфкlэ къэщыпа, напэклуэцlи 180-рэ хъу абы и копиер. Накъыгъэм и 30-м а тхылъыр Башкортостаным и унафэщl Хабиров Радий лъэпкъ музейм ихъумэну иритащ.

«Нобэ Башкортостаным япэ дыдэ щыдогъэлъапlэ «Урал-Батыр» эпосым и махуэр, - щыжиlащ махуэшхуэм епха дауэдапщэм республикэм и унафэщlым. - Ар щlэдгъэувар башкир тхыбзэм и пасэрей фэеплъыр нэхъри нэхъыфlу тлъагъун, абы и пщlэр республикэм и гъунапкъэм икlыу, цlыху нэхъыбэ дедгъэхьэхын папщlэщ».

Къызэгъэпэщаклуэхэм я мурадыр адыгэхэм я деж къащехъулlауэ жыпlэ хъунущ. Абы и закъуэ? Ар дэ ди эпосыр дджыжынымкlэ, абы пщlэ нэхъыбэ хуэтщlынымкlэ щхьэусыгъуэфl хъуащ. Ауэ «Нарт эпосым и махуэ» диlэу зэкlэ ди нэгум къытхущlэгъэхьэркъым.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# Мырзэкъан Азэмэт Америкэми щытоклуэ

**«UFC 316» зэхьэзэхуэм хыхьэ зэlущlэу США-м и Нью-Джерси штатым щыlэ Ньюарк къалэм щеклуэкlам щытеклуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зэуаклуэ лъэщ Мырзэкъан Азэмэт.**

АДЫГЭ щlалэм къыпэщlэтащ Бразилием и спортсмен Рибейрэ Брендсон, ауэ зэlущlэм и япэ раундым ар нокауткlэ абы къыфlихьащ. Апхуэдэ щlыкlэкlи, Мырзэкъаным и теклуэныгъэхэм пищащ: иджы ММА-м 15-рэ, UFC-м - 5-рэ щытеклуащ, абыхэм ящыщу 11-м зэхьэзэхуэм хухаха зэманхэр и кlэм нимыгъэсу. Езыр зэи къыхагъэщlакъым.

Абы нэмыщl, Азэмэт зэкlэлъыпыту къихьа теклуэныгъэхэм я бжыгъэмкlэ (5) етlуанэ увыпlэм клуащ, куржы зэуаклуэ лъэщ Топурие Илие лъэщlыхьэжу. Япэм щыт Олберг Карлос зэкlэлъхьэужьу 8-рэ теклуащ, 5-р нокауткlэ къихьащ. Рибейрэ и зэlущlэхэр зэкlэлъыпыту тlэу къыхуэхьауэ аращ, ещанэм ар нигъэсакъым ди къэбэрдей щlалэм.

«Цlыху дапщэ къыспэщlамыгъэувэу щытми, псори хэзгъэщlэну гушхуэныгъэ схэлъщ. Нобэ си хьэрхуэрэгъуам фlыщlэ хузощl. Раундитхукlэ сызэуэну, турнирым и зэlущlэ нэхъыщхьэм сыхэтыну сыхуейщ», - яжриlащ журналистхэм Мырзэкъаным.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, Азэмэт зауэ lэпщэрыбанэ спортымкlэ дуней псом и абсолютнэ чемпионщ, а спорт лlэжьыгъуэмкlэ УФ-м щlыхь зиlэ и мастерщ, «Brave» лигэм щытеклуащ.

**КЪАНШЫУЕЙ Алим.**



*Ди газетым и къыкlэлъыклуэ номерыр къыщыдэкlынур мэкъуауэгъуэм и 17-рщ.*



# Гулъытэ гуапэ

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм, ныкъуэдыкъуэхэм защlэзыгъакъуэ «Надежда» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ lуэхущlапlэр и гъусэу мэкъуауэгъуэм и 9-м ирагъэклуэкlащ я узыншагъэмкlэ сэкъат зиlэ ныбжьыщlэхэм я зэхыхьэ.**

САБИЙХЭМ я узыншагъэр щрагъэфlаклуэ «Лэгъупыкъу» lуэхущlапlэм къыщызэрагъэпэща зэlущlэм кърашэлlат Кавказ Ищхъэрэм и щlыналъэхэм (Дагъыстэн, Ингуш, Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Ставрополь крайм) щыщхэр. Дэтхэнэ республикэми къыбгъэдэкlыу цlыху 15 абы къагъэклуащ (сабийхэм я адэанэхэр я щlыгъуу). Ныбжьыщlэхэм езыми пшыхь гукъинэж ягъэхьэзырат.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министр Тогузаев Тlэхьир, КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ и уполномоченнэ Бэдракъ lэминэ, къэрал lуэхущlапlэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лlыклуэхэр.

Къызэгъэпэщаклуэхэм къызэрыхагъэщамкlэ, зэхыхьэр егъэклуэкlынымкlэ щlэгъэкъуэнышхуэ къахуэхъуащ КъБР-м Щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и министерствэм и Щlалэгъуалэ центрым и волонтёрхэмрэ «Новые люди» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и лlыклуэхэмрэ.

Зэхыхьэм хэта псоми КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм и Фlыщlэ тхылърэ саугъэтхэмрэ иратащ. Шэч хэлъкъым, зэхуашэса сабийхэм я нэгу зэрызрагъэужьам, абдеж ныбжьэгъущlэхэр къызэрыщагъуэтам.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.443 • Заказыр №1261

ДИ ХЭЩlАПlЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А